Prijs franco per post f .....
Verkrijgbaar bij het Dépôt van Leermiddelen te Weltevreden tegen toezending van een postwissel tot genoemd bedrag.

Serie uitgaven door bemiddeling der Commissie voor de Volkslectuur No. 162.

BOEKOE
KAHARDJAAN NAGARA

DIKARANG DJEUNG DIATOER KOE

MAS NATAWISASTRA

DJEUNG KOE

MAS PADMADINATA

Mantri Goeroe di Bandoeng.

DIBANTOE KOE GOERROE² BANTOE

MAS SASTRA WINATA, RADEN WIRA-
[illegible]RADJA, MAS DJAJADIPOERA,
[illegible]NAPI, NJIMAS LENGKANA,
[illegible]AI OETARI, NJAI IPAH,
DINA TAOEN 1914.

KANTOR TJIT[illegible]
[illegible]YGROK & Co., BATAWI
1914.

[illegible]stakaan Nasional RI
B: - 484
No.162
1914

B-484
No.162

Kp 89.180

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

K

M

BOEKOE

KAHARDJAAN NAGARA

DIKARANG DJEUNG DIATOER KOE

MAS NATAWISASTRA

DJEUNG KOE

MAS PADMADINATA

Mantri Goeroe di Bandoeng.

DIBANTOE KOE GOEROE² BANTOE

MAS SASTRAWINATA, RADEN WIRA-DIPRADJA, MAS DJAJADIPOERA, HANAPI, NJIMAS LENGKANA, NJAI OETARI, NJAI IPAH, DINA TAOEN 1914.

KANTOR TJITAK
RUYGROK & Co., BATAWI
1914.

BAT. GENOOTSCHAP VAN K.E.N.W.

PERPUSTAKAAN NASIONAL REPUBLIK INDONESIA

BOEBOEKA.

Ieu boekoe kaasoep kana pangadjaran elmoe boemi, noe dipambrih, soepaja pada njaho kana hidji-hidjina bagian, prakprakanana migawe sarta atoeranana hidji² pasal, sakoemaha noe geus diwintjik sakadar kanjahona noe ngarang.

Tangtoe pisan loba pĕrkara noe teu kasĕboet anoe teu koedoe dikanjahokeun koe oerang, ieu mah oelah datang ka oerang toemamoe kana sagala kaajaan di nagara, sapĕrti kantor², pabrik² djeung sadjaba ti dinja.

Geus rea kadjadian djĕlĕma² sok naranjakeun: Ka mana ari meuli zegel? plakzegel? Koemaha atoeranana ari ngindjeum doeit ka bank? Saha ari noe njeungeut damar electrisch (listrik)? Saha noe mareuman, saha noe boga, djeung rea² deui — sarta loba noe karaget tina nendjo kaberesan nagara.

Dĕmi noe djadi kaberesan nagara teh, lain sakama-kama karĕp oerang bae, tapi kalawan kĕrsana Kangdjĕng Goepĕrnĕmen, diatoer koemaha pantĕsna djeung adilna — maksoedna nagara soepaja djadi hardja; andjeunna geus ngadaměl — *kalam noe aloes* djeung *pĕdang noe seukeut* hartina geus ngadaměl pamarentah djeung hoekoeman anoe adil, lamoen teu kitoe tangtoe nagara hĕnteu beres.

Naha bĕt ngadaměl kitoe?

Eta taja lian ngan tina kanjaahan ka abdi-abdina.

Sok rea abdi² noe salah tampa, tina sabab sok dikeunaan padjĕg atawa kasab-rasana diarah didjieun kaoentoengana-na. Eta lain pisan kitoe — tjoba pikir sabaraha reboe ponggawa atawa pagawe Kangdjĕng Goepĕrnĕmen noe koedoe ngoeroes ngaberesan nagara tea — noe koedoe digadjih.

Djadi kahasilan noe tadi dipake moeroehan ka pagawe²

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

leu b
noe dip
bagian,
sakoema
ngarang
Tangt
koedoe
ka oera
sapĕrti
Geus
mana a
ari ngin
electris
djeung
kaberes
Dĕm
karĕp
pĕrnĕm
makso
ngadar
hartina
adil, l
Nah
Eta
Sok
padjĕg
na.
pongg
koedo
digad
Dja

No. 1.

PANGADILAN.

Pangadilan baris oerang priboemi, aja 5 roepa.

1. Rad Distrik.
2. Rad Kaboepaten.
3. Politierol. (Landgerecht).
4. Landraad.
5. Rad Agama.

Rad Distrik.

Di oenggal[2] distrik aja pangadilan noe dingaranan: Rad Distrik, noe djadi hakimna wadana djeung ditoeloeng koe kapala[2] sahandapeun wadana, anoe ditangtoekeun koe kangdjĕng toean rĕsiden, pikeun noeloeng mere timbangan, kitoe deui aja kapala agama anoe miloe moetoes, nja eta: naib atawa kalipah distrik.

Ari noe dipoetoes koe Rad Distrik, pĕrkara papadoean, anoe hargana noe dipadoekeun koerang ti *f* 20; boh madoekeun tanah boh madoekeun hoetang.

Saha[2] noe rek padoe di Rad Distrik, *pĕrkara papadoean* koedoe njanggakeun soerat pĕrdawaan ka wadana. Moen teu bisa noelis koedoe oendjoekan koe lisan bae.

Pĕrkara pĕlanggaran noe dipoetoes koe Rad Distrik, nja eta pĕrkara njarekan pada oerang priboemi, atawa njarekan ka bangsa sabrang anoe lain bangsa Eropa. Hoekoemanana dĕngda paling gĕde *f* 3.

Lamoen anoe padoe teu narima kana poetoesan Rad Distrik meunang apel ka Rad Kaboepaten, dina djĕro 8 poë sanggeusna eta pĕrkara dipoetoes.

Saha[2] noe rek apel koedoe njanggakeun soerat atawa oendjoekan lisan ka kangdjĕng Dalĕm.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tea — sasat Kangdjĕng Goepĕrnĕmen mah ngan ngadjalankeun bae — kitoe² andjeunna woewoeh soeka gĕnah manahna, soepaja abdi-abdina djalĕmbar, maradjoe, palintĕrsoegih moekti beurat beunghar, nagara soewoeng tina roesoeh, loepoet tina pakewoeh, rea kĕtan rea kĕton — leungit kasakit — sĕpi paling — noe tani sina beuki tambah moekti — noe dagang sina tambah beungharna.

Geus lawas katjida andjeunna ngadĕgkeun pirang-pirang sakola, maksoedna soepaja abdi-abdina tea maradjoe, palintĕr njaraho kana sagala oeroesan noe hade sarta bĕnĕr, lamoen geus palintĕr tangtoe gampang atawa enteng baris njiar rĕdjĕki pibĕkĕleunana hiroep.

Ari kaajaan di nagara anoe kasĕboet rahardja tea tangtoe pisan rea adĕgan² atawa wawangoenanana sakoemaha noe geus disĕboet di loehoer.

leu di handap aja berendelanana hidji² adĕgan anoe rek ditĕrangkeun tea.

1. *Pangadilan.*
2. *Bandoengsche afdeelingsbank (Bank Prijaji).*
3. *Postkantoor (Kantor pos).*
4. *Pakgade (Pagadean).*
5. *'s Lands kas. (Kantor oeang).*
6. *Kantor Gemeenteraad.*
7. *Pasar.*
8. *Residentie-kantoor. (Kantor karĕsidenan).*
9. *Kantor Asisten Djati (Houtvester).*
10. *Electriciteitsfabriek (Pabrik eleciriciteit, pabrik listrik).*
11. *Postspaarbank.*
12. *Kantor Kadaster.*
13. *IJsfabriek.*
14. *Landrente sectie, Opnemings brigade.*
15. *Station.*
16. *Notaris.*

Politierol. (1)

Di oenggal[2] apdeling djeung di sawareh tĕmpat kakontrolioeran diajaan pangadilan Politierol. Dĕmi noe djadi hakimna kangdjĕng toean asisten-rĕsiden (assistent-resi-

(1) Noot van D. K. Ardiwinata, hoofdredacteur van de Commissie voor de Volkslectuur.

Landgerechten.

Dina besluit kangdjĕng Radja Walanda geus ditĕtĕpkeun, jen ti sĕmĕt tahoen 1914 *politierol* diganti koe *landgerechten.*

Dina oenggal[2] karĕsidenan di poelo Djawa djeung Madoera baris diajaan sakoerang-koerangna hidji landgerecht, anoe bakal moetoes pĕrkara saban poë (Kadjaba poë Minggoe- djeung hari besar); ari tĕmpatna ditangtoekeun koe kangdjĕng toean Besar Gouverneur-Generaal. Dĕmi anoe djadi hakimna bangsa Europa anoe geus meunang titel „meester in de rechten", pangkatna disĕboet *landrechter.* Eta landrechter dibantoean koe hidji ambtenaar priboemi, pangkatna fiscaal-griffier, nja eta anoe poerah noeliskeun pĕrkara-pĕrkara kana register djeung njĕkĕl pagawean griffier sakoemaha biasa.

Dĕmi pĕrkara anoe dipoetoes koe landrechter tea ngan pĕrkara *palanggaran* bae, anoe hoekoemanana paling beurat diboei atawa dikrakal nĕpi ka 3 boelan djeung didĕngda nĕpi ka *f* 500; djadi teu moetoes pĕrkara gĕde, sapĕrti maehan atawa ngetjoe dj. s. t.) Eta dĕngdaan beunang oge digantian koe hoekoem boei atawa krakal. Djaba ti eta moetoes palanggaran-palanggaran sedjen anoe lain poetoeseun Raad district, atawa Raad Kaboepaten atawa pangadilan anoe sedjen. Dĕmi djĕlĕmana anoe dipoetoes koe landgerecht tea sagala bangsa bae: oerang priboemi, oerang Europa, oerang Arab, Tjina djeung salian ti eta.

Sagala pĕrkara anoe geus dipoetoes koe landrechter geus teu beunang diapel deui (hooger beroep atawa revisie). Tapi lamoen anoe dihoekoeman teh ngarasa beurat teuing, meunang njoehoenkeun ampoen (gratie) ka kangdjĕng Toean Besar. Ari soerat rekestna njoehoenkeun ampoen tea koedoe ditoelis dina kĕrĕtas zegel, toeloej sanggakeun ka Fiscaal-griffier, andjeunna anoe baris ngadjalankeun eta soerat. Samemeh âja kapoetoesanana ti kangdjĕng Toean Besar, hoekoeman anoe geus diragragkeun tea teu meunang didjalankeun (tĕgĕsna oelah waka diboei, moen dĕngdaan oelah waka dipenta).

Ari bedana landgerecht djeung politierol babakoena pisan dina bab *katĕrangan.*

Dina politierol (babakoena di poelo Djawa) pĕrkara katĕrangan hĕnteu dipĕrĕdih. Lamo bae anoe didawa teh sidik boga dosa

Oepama geus liwat 8 poë mah apelna teu meunang ditarima.

Tĕgĕsna noe dingaranan apel teh, nja eta njoehoenkeun dipariksa deui pĕrkarana koe pangadilan anoe leuwih loehoer.

Anoe eleh padoe oepama apel meunang djadi tĕroes dielehkeun, meunang djadi dimeunangkeun, oepama noe dihoekoem toeloej apel, meunang djadi ditĕtĕpkeun hoekoemanana, atawa dikoerangan atawa ditambah, meunang djadi oge dilĕpas.

Rad Kaboepaten.

Di oenggal[2] kota kaboepaten atawa kota apdeling diajaan Rad Kaboepaten, noe djadi hakimna kangdjĕng boepati atawa patih, sarta make rengrengan kapala[2] anoe ditangtoekeun koe kangdjĕng toean rĕsiden; kitoe deui saban[2] Rad Kaboepaten moetoeskeun pĕrkara, koedoe aja djaksa djeung panghoeloe, pikeun njanggakeun timbangan.

Pĕrkara papadoean anoe dipoetoes koe Rad Kaboepaten, nja eta anoe hargana barang noe dipadoekeun atawa hoetang, leutik-leutikna *f* 20, gĕde-gĕdena *f* 50 djeung pĕrkara anoe apel di Rad Distrik.

Saha[2] noe rek ngadawa tanah atawa hoetang atawa sedjen-sedjen barang ka Rad Kaboepaten, koedoe njanggakeun soerat dawaan ka kangdjĕng Dalĕm; ari noe teu bisa noelis mah koe lisan bae.

Dĕmi pĕrkara pĕlanggaran anoe dipoetoes koe Rad Kaboepaten, nja eta anoe ditangtoekeun dina boekoe hoekoeman, hĕnteu leuwih ti didĕngda paling gĕde *f* 10, atawa hoekoeman boei, tina sapoë nĕpi ka 6 poë; kajaning: anoe teu ngadjalankeun pagawean desa, pagawean herdinĕs (heerendienst) djeung ngoeroes kĕbon kopi.

Saha[2] noe teu tarima kana poetoesan Rad Kaboepaten, meunang apel ka pangadilan Landraad, dina djĕro 10 poë, sanggeusna pĕrkara dipoetoes, koedoe njanggakeun soerat ka kangdjĕng toean rĕsiden; ari noe teu bisa noelis koedoe oendjoekan koe lisan bae.

karĕsidenan Batawi djeung distrik Modjo-agoeng, kitoe deui karĕsidenan Soerabaja, diajaan pangadilan Landraad anoe djadi kapalana kangdjĕng toean Presiden (President), dibantoe koe sababraha ĕlid (leden) noe ditĕtĕpkeun koe kangdjĕng Toean Bĕsar.

Eta noe djadi ĕlid, aja kapala noe masih keneh djĕnĕng, aja noe geus pansioen.

Oepama Landraad rek mariksa pĕrkara koedoe aja: Presiden, sakoerang-koerangna 2 ĕlid, toean gilipir (Griffier), djaksa djeung panghoeloe.

Ari pĕrkara papadoean noe dipoetoes koe Landraad, nja eta anoe hargana leuwih ti *f* 50 atawa pĕrkara apelan ti Rad Kaboepaten.

Dĕmi pĕrkara kadjahatan noe dipoetoes koe Landraad, nja eta pĕrkara anoe galĕde, sapĕrti: anoe koedoe dihoekoem dĕngda leuwih ti *f* 100 atawa noe koedoe dihoekoem kĕrdja paksa di loear atawa di djĕro rante.

Saha[2] noe hĕnteu narima kana poetoesan Landraad, meunang apel ka Rad van Djoestisi (Raad van Justitie).

Oepama noe meunang hoekoeman ti Landraad rek apel ka Rad van Djoestisi dina sadjĕro 12 poë sanggeus pĕrkarana dipoetoes, koedoe oendjoekan ka toean gilipir.

Nja kitoe deui noe dielehkeun padoena koe Landraad, meunang apel ka Rad van Djoestisi dina sadjĕro 14 poë sanggeus pĕrkarana dipoetoes; tapi oepama eta noe apel imahna di loear kota mah waktoena baris apel saboelan.

Tapi lamoen anoe dipadoekeun harga *f* 100 mah atawa koerang, teu meunang apel.

Rad Agama.

Di tempat[2] noe diajaan Landraad, di dinja aja Rad Agama; ari noe djadi hakim nja eta: hoofdpanghoeloe atawa panghoeloe, rengrenganana sakoerang-koerangna doea, loba-lobana 8 ĕlid, anoe meunang angkatan ti kangdjĕng Toean Bĕsar.

Eta noe 8 ĕlid teh biasana sarat kaoem atawa goeroe agama anoe geus kasĕboet tjoekoep kapintĕranana hal elmoe sara'.

dent) atawa toean kontrolioer (controleur) sarta bibantoe koe hoofddjaksa, djeung koe adjoenna (adjunct).

Anoe dipoetoes koe pangadilan Politierol pĕrkara paling djeung pĕlanggaran, anoe hoekoemanana ditangtoekeun dina boekoe hoekoeman. Hoekoeman dĕngda gĕde-gĕdena *f* 100, hoekoeman karakal (krakal) loehoer loehoerna 3 boelan djeung hoekoeman boei lila-lilana 8 poë.

Anoe disĕboet hoekoeman karakal teh, nja eta hoekoeman digawekeun kana pagawean nagara, diparab teu diboeroehan; ari hoekoeman boei, hartina ditoetoep didjĕro boei.

Lamoen geus meunang hoekoeman ti Politierol teu narima kana hoekoemanana, meunang njoehoenkeun ampoen ka kangdjĕng Toean Bĕsar.

Eta soerat keur ka kangdjĕng Toean Bĕsar tea, koedoe ditoelis dina kĕrtas zegel sarta koedoe djalan ka kangdjĕng toean asisten-rĕsiden, dina djĕro 10 poë ti sanggeus pĕrkarana dipoetoes; ari apel mah teu meunang.

Landrat (Landraad).

Di kota[2] apdeling djeung di pakĕmitan distrik Bĕkasih,

---

noeroetkeun manahna atawa sangkana noe djadi politierechter (Assistent-resident atawa Controleur), geus sah si sakitan teh dihoekoem. Sangkaan anoe jakin kitoe disĕboetna *pĕrmana* (overtuiging).

Ari dina landgerecht mah teu tjoekoep koe pĕrmana woengkoel, koedoe aja sarat doea roepa:

1e koedoe aja boekti atawa katĕrangan sakoemaha anoe ditangtoekeun dina wet (wettige bewijsmiddelen) sapĕrti:

katĕrangan saksi,
pangakoean sakitan,
boekti,
toetoelisan.
pamĕndakna hakim koe andjeun dj. s. t.

2e koedoe pĕrmana, tapi permanana teh koedoe bidjil tina katĕrangan tea, teu meunang tina sangka[2] bae tjara dina politierol.

Lamoen geus tjoekoep sarat teh doeanana, kakara sakitan teh beunang dihoekoem.

Dĕmi katĕrangan anoe dianggĕp sah sakoerang-koerangna koedoe aja doea pĕrkara, sapĕrti: katĕrangan saksi djeung pangakoean sakitan, atawa katĕrangan saksi djeung boekti dj. s. t.

No. 2.

BANDOENGSCHE-AFDEELINGS-BANK.
(BANK-PRIJAJI).

Di aloen² beulah kidoel koelon atawa sakoeloneun paseban koelon, di dinja aja adĕgan, nja eta adĕgan Bank-Prijaji.

Ari maksoedna kangdjĕng Goepĕrnĕmen ngajakeun ieu bank, pikeun noeloeng ka djĕlĕma², soepaja oelah datang ka ngindjeum ka lentah darat, tapi teu sing djĕlĕma noe dibere ngindjeum teh, dĕmi babakoena noe dibere ngindjeum aja 5 pĕrkara.

1. Oepama aja djalma ngagadekeun imahna atawa sawahna, kalawan saĕnjana lain akon², toer beurat teuing majarna rentĕn, sok ditoeloengan dipangnĕboesankeun koe bank, lamoen borĕhna (borg) tjoekoep; nja eta soepaja djadi enteng majar rentĕnna.
2. Pikeun tani atawa modal pĕpĕlakan, kitoe oge koedoe djoeroe tani noe ngindjeum, noe ditĕrangkeun koe loerahna, jen ĕnja eta djĕlĕma djoeroe tani.
3. Pikeun djoeal meuli, sapĕrti meuli moending, tanah, sawah, djeung sakoer noe piajaeun batina, kitoe oge koedoe padagang noe geus bakoe atawa biasa.
4. Pikeun ngomean atawa ngjieun imah dina tanahna pribadi.
5. Pikeun ongkos² oepama pĕrloe atawa kapaksa kariaan.

Tapi pikeun noe beunghar rada ditahan sanadjan maksoedna keuna oge ka anoe 5 pĕrkara tea; kadjaba oepama kataradjang roegi, nja eta pikeun njoesoel karoegianana tea, da ieu mah maksoedna bank, noe matak dibere ngindjeum, soepaja noe rada tjoekoep djadi beunghar,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari noe dipoetoes koe Rad-Agama, nja eta pĕrkara oeroesan laki-rabi; sapĕrti: tikah, tolak djeung roedjoe, hal nĕtĕpkeun ahli-waris djeung ngabagikeun waris.

Oerang priboemi anoe hĕnteu beunang dipoetoes pĕrkarana koe pangadilan, anoe ditangtoekeun baris oerang priboemi dina didawa njieun kadjahatan, nja eta kapala noe gĕde ti wates adjoen-djaksa ka loehoer djeung ĕlid[2] Landraad, panghoeloe djeung adjoenna, kitoe deui toeroenan bopati, kitoe soteh lamoen eta bopati djoemĕnĕng keneh.

Atoeran ngindjeum.

Oepama aja hidji djělěma noe rek ngindjeum doeit ti wates *f* 300 ka handap rentěnna 12% sataoen, eta djalma datang bae ka kantor bank bari mawa kikitir padjěg tanah teu pěrloe ka loerah heula; mangke di kantor bank dipariksa maksoedna koe djoeroetoelis kahidji tea, toeloej ditoeliskeun kana boekoe oendang-oendang sarta ditanja rek dipake naon djeung naon anoe rek ditandonkeun.

Sanggeusna tjoel bae saibarat oerang meuli lot (ělot), hartina koedoe dipopohokeun bae, sabab karoegi-roegi, lamoen oerang poelanganting nanjakeun, da ěngke oge aja poetoesan ti tjamat atawa ti loerahna dibere hěnteuna, oepama dibere sok disaoer ka kantor bank djeung loerahna tea.

Eta soerat oendang² noe tadi, disalin koe agen (agent) kana aanvraag toeloej ditjotjogkeun ka noe rek ngindjeum tea, naha běnĕr maksoedna sapĕrti basa ngomong ka djoeroetoelis kahidji tea di kantor, sabab sok kadjadian beda² maksoedna, di dinja bisa tetela jen hěnteu karĕp anoe saěnjana.

Ongkos² noe geus ditangtoekeun oepama dikaboel, oerang koedoe ngatoeranan ka wadana *f* 0.50, ka loerah ditangtoekeun dina sapal 10 sen, ngitoeng ti desa ka kawadanan.

Tapi oepama ngindjeum ti *f* 95 ka handap, teu koedoe kaloear ongkos naon², sabab loerah oge diongkosan koe bank, djadi koedoe gĕmblĕng katarima *f* 95.

Dĕmi noe pimoetoeseun sakoemaha noe geus ditjaritakeun di loehoer, nja eta sekĕrtaris (secretaris) djeung Vice presiden (Vice president) nja ieu noe baris nimbang dikaboel hěnteuna koemaha timbangan arandjeunna bae.

Oepama tjotjog soerat oerang djeung oendang² tea, koe agen disanggakeun ka sekĕrtaris (secretaris).

Dĕmi noe ngindjeum ti *f* 350 ka loehoer, koedoe make 2 zegel; ditoelisna di kantor bank, da geus disadiaan, beda deui djeung zegel noe sok didjoeal di kantor pos; tapi ari hargana mah saroea bae, djadi oerang mah ngan koedoe menta oendang² tea bae tjara noe ti heula.

lantaran ngindjeum modal ka bank, tjindĕkna sing loba oerang priboemi noe beunghar, lain noe beunghar sina tambah beungharna, tapi noe tjoekoep sina djadi beunghar noe miskin pon nja kitoe.

Ieu bank dioeroes koe:

1 Presiden (President), nja eta kangdjĕng toean asisten-rĕsiden.

2 Vice Presiden (Vice Resident), nja eta kangdjĕng dalĕm djeung patih.

3 Sekĕrtaris (Secretaris), nja eta toean kontrolioer (Controleur) Apdeling Bandoeng djeung 3 ĕlid nja eta: Onder kolektor (Onder Collecteur) asisten kolektor (Assistent-Collecteur) djeung administrateur kopi. Ieu bestuur djeung ĕlid ditĕtĕpkeunana koe pamarentah, sarta teu meunang pisan kaoentoengan estoe noeloeng bae, kitoe deui teu meunang djadi boroh soemawonna ngindjeum sorangan.

Di djĕro eta kantor ponggawana aja 9 djĕlĕma:

1 toean administrateur,
2 „ adjoen „ (adjunct administrateur),
1 Djoeroetoelis (klerk) kahidji gadjihna. . *f* 50
1 Kasir (Kassier) noe gadjihna . . . . „ 45
1 Djoeroetoelis kahidji „ . . . . . „ 25
1 „ kadoea „ . . . . . „ 12
1 „ katiloe „ . . . . . „ 10
1 Oepas . . . . . „ . . . . . „ 5

Gadjih[2] ponggawa oepama bank madjoe tangtoe ditaraekkeun ari naekna noeroetkeun kaajaan bank.

Administrateur gawena pikeun mariksa pagaweanana ponggawa[2] dibantoe koe adjoenna.

Klerk kahidji nja eta pagawean toelis pariksaeun Administrateur tea.

Kasir narima pĕmbajaran djeung narima ngaloearkeun doeit.

Djoeroetoelis kahidji nampa djĕlĕma noe rek ngindjeum dibantoe koe djoeroetoelis noe sedjen.

Oepas gawena titaheun sakoer kapĕrloean kantor bank.

tapi ka agen bae, sabab geus disadiaan di apdeling Bandoeng aja 6 agen gadjihna *f* 30 saoerang.

Tĕmpatna: di hoofdkantor doeaan, di filiaal Kopo doeaan djeung di filiaal Tjitjalengka doeaan.

Bab rentĕn.

Tjengtjelengan	meunang rentĕn	4 %	sataoen
Soembangan	„ „	6 %	„
Deposito	„ „	5 %	„
Giro	„ „	2 %	„

Doeit tjengtjelengan beunang ditjokot sanggeus liwat saboelan tina waktoe neundeun.

Soembangan koedoe geus 2 taoen ti waktoe oerang hoetang loenas, tapi lamoen teu ngindjeum deui.

Loba pisan djalma noe salah paham, doemeh disĕboet doeit soembangan, maroekanana njoembang di dieu hartina mere, eta salah paham, ieu mah beunang njoendakeun tina: „verplichte inlagen", hartina tjetjelengan (tjengtjelengan) dipaksa; saha² noe ngindjeum ka bank, satoengtoeng manehna boga hoetang, koedoe neundeun doeit soembangan dina sataoen reana 6 % tina hoetangna.

Tapi ari prijaji mah noeroetkeun gĕdena gadjihna bae; (koemaha mampoehna bae).

Deposito hartina: titipan; beunang ditjokot dina 3 boelan ti waktoe neundeun, sarta sakali kalina neundeun teu meunang koerang tina *f* 100 djadi neundeun teh tina *f* 100 ka loehoer.

Oepama hidji djalma rek njokot doeitna tina Deposito, koedoe njarita heula ka toean administrateur, mangke toean administrateur moendoet timbangan bestuur djeung leden, sabab bisi keur euweuh presiden (president) djadi koedoe mariksa aja euweuhna djeung bisi teu sadia doeit, sabab doeit sasesana noe digolangkeun ti bank prijaji teh sok diteundeun dina bank sedjen; da ari doeit di bank prijaji mah teu meunang leuwih ti *f* 1000. Ari deposito dina 6 boelan sakali meunang rentĕn 6 %.

Giro beunang ditjokot iraha bae (teu aja waktoena) ieu mah sapĕrti neundeun di Postspaarbank bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari noe moetoesna dina Bestuursvergadering (koempoelan bestuur) nětěpkeun dibere hěnteuna; lamoen dikaboel ongkosna ka wadana *f* 3.50, noe *f* 3 ngagantian harga 2 zegel, noe *f* 0.50 minangka boeroehna ngoeroeskeun sapěrti noe ti heula.

Sakabeh hoetang ka bank teu meunang liwat ti 5 taoen koedoe geus loenas, kitoe deui oepama ělat majarna atawa ngalanggar pěrdjangdjian basa waktoe ngindjeum, oepama noe majar boelanan diděngda dina sakali-kalina teu majar 10 % tina panjitjilanana atawa tina tinggalna hoetang, noe majar taoenan diděngdana 1 % tina panjitjilanana.

Kitoe bae satěroesna diděngdaanana, těgěsna ditempo-tempo bae, lamoen tatjan něpi kana lilana pěrdjangdjian mah.

Pikeun ngadjaga noe teu majar sama sakali diatoer deui; lamoen oerang ngindjeum *f* 50 ka handap dina tanda tangan-na ditambah $^1/_2$ na, djadi *f* 75, noe *f* 25 pikeun pěrdjagaan ongkos[2] djeung rentěn di djěro 2 taoen; oepama něpi ka těroes teu majar[2] ka bank borohna dilelang, ladangna dipotong *f* 75, kitoe soteh lamoen djědjěg 2 taoen teu majar, ari sesana ladang boroh dibikeun ka noe boga. Lamoen běněr mah majarna dina sakali-kalina, nja hoetang oerang noe *f* 50 tea bae noe koedoe diloenasan teh katoet rentěnna.

Ari tina *f* 50 něpi ka *f* 100 ditambahna $^1/_3$ na tina hoetangna djeung tina *f* 100 ka loehoer ditambah $^1/_4$ na.

Nja kitoe deui oepama djangdji rek ngaloenasan hoetang dina 2 taoen, kari[2] sataoen geus loenas teu aja halangan-nana djeung ngitoeng rentěnna dina sadjěro sataoen bae.

Rentěn noe 12 % tea, oepama noe ngindjeum oerang di hoofdkantor Bandoeng, nja eta Bandoeng, Tjilokotot, Radjamandala djeung 2 onderdistrik Tjibeunjing, Boeah-batoe.

Kitoe deui oepama oerang ngindjeum ka antara 2 filiaal atawa loear hoofdkantor, atoeranana saroea bae djeung noe ti heula, ngan bedana dina rentěnna nja eta 18 % dina sataoen; djeung deui teu koedoe datang ka Bandoeng,

Kitoe oge koedoe noeroetkeun kapĕrloeanana, sabab ditimbang deui, naha pĕrloe eta djĕlĕma ngabogaan koeda atawa kareta mĕsin; noe katimbang teu pĕrloe mah moal dibere.

Dĕmi noe djadi boroh tanahna atawa sawahna, oepama taja kabogana, koedoe diborohan koe sepna (chefna) atawa koe noe saloehoereun gadjihna; tapi oelah noe boga keneh hoetang ka bank, djeung ajeuna teu meunang ngindjeum tanggoeng menanggoeng (tanggoeng rentengan) (paboroh-boroh).

Wadana[2] di apdeling Bandoeng, hĕnteu meunang didjieun boroh, koe lantaran djadi notaris bank, toer meunang ka oentoengan sakoemaha noe geus ditjaritakeun diloehoer tea.

Saha[2] noe ngindjeum doeit ka bank koedoe nĕrangkeun pamadjikan djeung anak, sabab diahirna, oepama maot memeh loenas hoetangna, beunang ditoeloejkeun koe anakna atawa koe pamadjikanana djeung pikeun njokot doeit soembanganana saoepama hoetangna geus loenas.

Dĕmi piloenaseunana oepama salakina maot koedoe ka lĕbe menta soerat katĕrangan jen salakina maot; sanggeus ditanda koe lĕbe djeung koe loerah tĕroes ditawiskeun ka tjamat atawa ka wadana, kakara dibawa ka kantor bank.

Tapi moenggoeh prijaji mah teu koedoe kitoe, soepaja ditĕrangkeun koe wadana atawa koe sepna bae.

Ieu kantor bank laporna boelanan, ngalaporkeun sakoer kaajaan beubeunanganana, nja eta ka kangdjĕng inspecteur Credietwezen. Nja andjeunna noe sok ngoemisi ieu bank, dĕmi mariksana mah hĕnteu tangtoe waktoena koemaha ĕmp ĕtna andjeunna bae.

Paingan loba djalma noe teu dibere ngindjeum doeit ka bank prijaji da teu kahartieun, koemaha maksoedna kangdjĕng Goepĕrnĕmen ngajakeun bank prijaji.

Sanadjan ninggang oge kana maksoedna bank anoe 5 pĕrkara tea, tapi akon² padjar ngagadekeun sawah ka ki Anoe; tangtoe moal dibere, da koedoe kasaksi koe loerahna, jen ĕnja sawahna geus digadekeun sarta aboes kana rĕgistĕr gade noe geus disadiaan koe pamarentah (bestuur).

Djeung deui oepama aja djalma, noe hoetangna geus loenas aja karĕp keneh neundeun doeit, meunang kamana bae karĕpna, ngan teu meunang kana soembangan.

Lamoen oerang rek neundeun doeit ka bank, lantaran sieun katjeot, lolobana sok kana giro, sabab babari ditjokotna.

Kitoe deui lamoen rek njengtjelengankeun, soepaja meunang rentĕn oenggal boelan, sakoerang-koerangna *f* 3 dina sakali-kalina neundeun, ari kana soembangan koedoe *f* 2 sakoerang-koerangna.

Oerang koedoe datang ka toean administrateur atawa ka adjoenna pek njarita, naha rek di asoepkeun kana naon doeit oerang teh, ĕngke oerang dibere boekoe beunang nawis toean administrateur, minangka tanda tangan, eta boekoe saban² oerang neundeun eta doeit koedoe ditawiskeun.

Prijaji noe rek ngindjeum doeit ka ieu bank noe geus kalampahkeun tea meunang leuwih gĕde ti 3 kalieun gĕdena gadjihna, kitoe oge lamoen ĕmboeng noenggoe kana bestuursvergadering.

Noe pidibereeun ngindjeum nja eta noe maksoedna:

a. Rek meuli sawah atawa tanah.

b. Ngomean imah atawa njieum imah, tapi koedoe dina tanahna pribadi.

c. Meuli parabot imah tangga.

d. Pikeun majar hoetang noe beurat teuing rentĕnna, dipangmajarkeun koe bank.

e. Pikeun kawin.

f. Meuli kahar atawa koeda djeung sasatoan lian ti eta anoe pĕrloe.

Ieu lawang gawena : paranti masrakkeun paket djeung soerat-soerat dinĕs.

Lawang ka VI oenina : „ Post- en Zegelwaarden. ”

Ieu lawang gawena : paranti meuli : paranko, kartoepos, segĕl, soerat weselĕl [postwissel-formulier] soerat paket, plaksegĕl djeung sabangsana.

Lawang ka VII oenina : „ Postspaarbank. Posterestante. Klachten. Postwissels. ”

Ieu lawang gawena loba pisan; hidji: lamoen oerang rek njengtjelengan ka possĕparbang, atawa rek njokot doeit oerang noe aja di possĕparbang, tjindĕkna sagala kapĕrloean pikeun possĕparbang.

Doea: lamoen oerang ĕmboeng narina soerat di imah, atawa di pagawean oerang, oerang koedoe njarita ka lawang ieu [lawang ka VII], sarta djangdjikeun lamoen aja soerat keur ka oerang koedoe ditahan bae di dieu, ĕngke bakal ditjokot koe maneh; tangtoe, ĕngke oerang ditanja adres, soepaja pos bisa nahan eta soerat.

Tiloe: paranti nanjakeun sagala kapĕrloean pos, oepamana: oerang meunang soerat ti doeloer oerang atawa ti saha bae, manehna geus ngirimkeun doeit ka oerang djalanna ka kantor pos, lamoen euweuh bae panggilan ti pos [lila], tanjakeun bae ka ieu lawang, djeung sabangsana.

Opat: pikeun masrahkeun poswesĕl. Ari tadi mah lawang ka III, keur narima [njokot] poswesĕl keur ka oerang.

Ari atoeranana lamoen rek njoeratan ka hidji djalma oerang Tjiandjoer oepamana, oerang koedoe meuli kartoe pos [briefkaart] hargana 5 sen, ka lawang ka VI. Dina eta kartoe pos aja doea bagian, sabeulah keur alamatna atawa adresna, noe sabeulah deui keur omongan oerang noe rek diomongkeun tea.

Dĕmi atoeran noelis alamat noe pangpĕrloena pisan, nja eta hidji: aksara koedoe tĕrang, doea: saha ngaranna noe rek disoeratan teh, naon pagaweanana, djeung tiloe: di mana tjitjingna, soepaja pagawe pos [pasoeratan] hĕnteu asa-asa deui mikeun eta soerat, nja kitoe deui lamoen nanjakeun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

No. 3.

POSTKANTOOR.

[Kantor pos].

Di oenggal² dajeuh apdeling koedoe bae aja kantor pos, ari goenana noe matak kangdjĕng Goepĕrnĕmen ngajakeun kantor pos di dinja, sabab katimbang tangtoe loba djĕlĕma noe pĕrloe rek njoeratan ka doeloerna ka sobatna, atawa ka saha bae, noe djaoeh tjitjingna ti tĕmpatna.

Kadjaba ti di dajeuh sok aja oge di distrik² atawa di haltĕ², tapi eta mah disĕboetna kantor pos pĕrtoeloengan, noe disĕboet koe basa Walanda: „Hulppostkantoor".

Samemeh njaritakeun kagoenaanana kantor pos, oerang pĕrloe njaho lawang-lawang [loketten] heula.

Dĕmi noe kaasoep kana bagian kantor pos noe galĕde sapĕrti di Bandoeng, dibagi: 7 lawang, sarta loehoereun djeung gigireun eta lawang, rantoej aksara nĕrangkeun gawena eta lawang; dĕmi oenina sapĕrti ieu di handap:

Lawang ka I oenina: „Afgifte aangeteekende stukken. Telegrammen."

leu lawang gawena: pikeun masrahkeun anhĕtikĕn, djeung paranti nĕlĕgram.

Lawang ka II oenina: „Aanneming aangeteekende stukken."

leu lawang gawena: pikeun njokot anhĕtikĕn.

Lawang ka III oenina: „Uitbetaling postwissels."

leu lawang gawena: paranti majar poswesĕl.

Lawang ka IV oenina: „Postkwit nties."

leu lawang gawena: paranti masrahkeun poskoewitansi.

Lawang ka V oenina: „Postpakketten. Dienstorieven."

rek dirikimkeun tea hade boengkoes koe kĕrtas sedjen, tapi koedoe katembong boekoena, soepaja komis pos pĕrtjaja, jen eta noe dikirimkeun teh boekoe; sarta oelah poho, handapeun adres beulah kentja, koedoe ditoelis „Afzender" handapeunana koedoe ditoelis deui ngaran noe ngirim, pagawean djeung tĕmpat tjitjing; goenana noe matak koedoe kitoe, ĕngke lamoen noe dikirim tea, teu kapanggih, gampang moelangkeunana deui ka noe ngirim.

Ari ongkosna drukwerk tea leuwih moerah batan soerat biasa, nja eta saban-saban beuratna 50 gram 1 sen, nja kitoe deui documenten (sapĕrti: tjitakeun, karangan noe beunang noeroen djeung salian ti eta).

Aangeteekend.

Lamoen oerang rek ngirimkeun soerat, tapi boga rasa sieun leungit di djalan, eta soerat koedoe dianhĕtikĕnkeun, soepaja hate oerang oelah mangmang deui mah, tangtoe eta soerat datang ka noe dikirim tea.

Dĕmi atoeranana, loehoereun adres (noe geus ditjaritakeun di loehoer), koedoe ditoelis „Aangeteekend"; ieu ongkosna sakĕtip keur soerat noe beuratna teu leuwih ti 20 gram, sarta sakĕtip keur ongkos anhĕtikĕn, djadi koedoe make 2 parangko noe sakĕtip-sakĕtip.

Ieu soerat bikeun ka lawang ka I (Afgifte aangeteekende stukken), ĕngke oerang meunang reçu (soerat katĕrangan), jen poë eta oerang geus ngirimkeun anhĕtikĕn.

Oepama ieu soerat teu katarima koe noe dikirim (leungit), oerang meunang ganti *f* 25 ti pos, nadjan eta soerat anhĕtikĕn di djĕrona ngan soerat woengkoel; ngan kade reçu (soerat katĕrangan) tea oelah leungit.

Loba pisan djĕlĕma lamoen ngirimkeun koerang ti *f* 25 sarta dianhĕtikĕnkeun, handapeun Aangeteekend sok ditoelis, kieu oenina: „Terisi wang *f* 15, atawa Terisi wang *f* 20", ieu maksoedna meureun lamoen eta soerat anhĕtikĕn tea leungit, manehna hajang digantian deui sakitoe; nilik katĕrangan di loehoer lamoen koerang ti *f* 25 atawa *f* 25, teu koedoe ditĕrangkeun dina adres

Tjontona:

Kapada

M. Paradja djoeroetoelis pakgade, tinggal dikampoeng *Sĕla-kopi*

Tjiandjoer.

Afzender
Tirta kamasan
Tjibadak.

Ajeuna lamoen eta soerat geus beres, toeloej asoepkeun kana liang soerat [brievenbus].

Kadjaba ti dina kartoe pos, aja deui dina kĕrtas biasa, aloesna koedoe make amplop; dĕmi atoeran alamatna, sapĕrti noe geus ditĕrangkeun dina pasal kartoe pos. Ieu ongkosna noeroetkeun beuratna soerat bae, nja eta sabansaban beuratna 20 gram make parangko harga sakĕtip, kitoe oge lamoen eta soerat teu kaloear ti wĕwĕngkon India-Nederland.

Djaba ti eta loba pisan djalma noe sok nĕrapkeun parangko dimana sokna bae ieu kamistianana di loehoereun adres djoeroe beulah katoehoe.

Katĕtĕpan parangko noe didjoeal.

Harga: sapeser, sasen, 2 sen, sabenggol, 3 sen, 4 sen, 5 sen, salapan doeit, 10 sen, $12^1/_2$ sen, 15 sen, $17^1/_2$ sen, 20 sen, $22^1/_2$ sen, tiloe baroe, tiloe kĕtip, saperak djeung harga saringgit.

Atoeran ngirimkeun boekoe[2], potret djeung sabangsana.

Mimiti eta boekoe atawa potret tea, beungkeut koe kĕrtas didjoelang-djalingkeun, sanggeusna wĕwĕg, taplokan koe kĕrtas keur adresna, tapi samemeh noelis adres, oelah poho loehoereunana koedoe ditoelis: *„drukwerk"*, soepaja make parangko moerah. Lamoen sieun kotor, noe

Titik noe kahidji koedoe dieusian: R. Adipsradja, djoeroetoelis pagadean Tjirĕbon.

Titik noe kadoea: Tjirĕbon.

Titik noe katiloe: Kampoeng Djadjaban.

Di sabeulah kentja eta soerat weseĕl dikolowongkeun sarta ditoelis oenina:

$\frac{\text{Afzender}}{\text{Si pengirin}}$ hartina: noe ngirim. Handapeunana ieu, koedoe ditoelis deui, ngaran, pangkat atawa pagawean djeung tĕmpat tjitjing oerang; ari goenana sapĕrti noe geus ditĕrangkeun dina pasal anhĕtikĕn.

Sanggeusna ditoelis kabeh, nja eta doeit noe rek dikirimkeun, ngaran, pangkat, atawa pagawean, sarta tjitjingna noe rek dikirim tea, djeung handapeun Afzender geus ditoelis: ngaran, pagawean sarta tĕmpat tjitjing oerang, kakara meuli parangko, sanggeusna tempelkeun di katoehoeeun adres tea.

Dĕmi katĕtĕpan ongkosna, lamoen noe dikirimkeun tea *f* 25 atawa koerang ti sakitoe, make parangko noe $12^1/_2$ sen, lamoen loba noe dikirimkeunana, atawa oerang teu njaho piongkoseunana, leuwih hade tanjakeun bae ka antĕnar pos noe ngoeroes poswesĕl, ĕngke eta antĕnar ngadjawab sabĕnĕrna.

Ieu masrahkeunana ka lawang ka VII, ĕngke oerang ti dinja meunang soerat katĕrangan [reçu], jen oerang poë eta geus ngirimkeun wesĕl saanoe roepia.

Postpakket.

Ongkos atoeran pospaket aja 2 roepa: oepama noe dikirim tea, tjitjingna teu djaoeh ti djalan kareta api, atawa ti kantor pos noe aja India Nederland, eta ongkosna lamoen koerang ti 1 K.G. 3 kĕtip, leuwih ti 1 K.G. teu leuwih, ti 3 K.G. 5 kĕtip, leuwih ti 3 K.G. koerang ti 5 K.G. 7 kĕtip.

Tapi lamoen noe dikirim tea tjitjingna djaoeh ti djalan kareta api atawa ti kantor pos, eta ongkosna koerang ti 1 K.G. 6 kĕtip, leuwih ti 1 K.G. teu leuwih ti 3 K.G. 9 kĕtip, leuwih ti 3 K.G. teu leuwih ti 5 K.G. *f* 1,25, leuwih ti 5 K.G. teu ditarima.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

reana noe dikirimkeun, da sok soemawonna aja doeitan, nadjan kosong oge, soerat anhětikěn kitoe mah, lamoen leungit tangtoe bakal digantian *f* 25 ngan kade soerat katěrangan tea leungit.

Tapi lamoen eta soerat dieusian doeit leuwih ti *f* 25, ieu mah pěrloe ditěrangkeun dina adres; oepamana dieusian *f* 75 atawa *f* 90; ieu ongkosna sakětip keur ongkos anhětikěn, djeung sakětip keur ongkos reana ngirimkeun doeit (aangegeven waarde).

Lamoen dieusian *f* 151, sakětip ongkos anhětikěn, 2 kětip ongkos aangegeven waarde.

Děmi pěrloena noe matak koedoe ditěrangkeun dina adres, bisi leungit, lamoen teu ditěrangkeun, djadi oerang ngan digantian *f* 25, sapěrti anhětikěn soerat woengkoel; ari aja katěrangan dina adres mah atawa dina soerat katěrangan (reçu) tangtoe meunang ganti samistina.

Binnenlandsche postwissel.

Lamoen oerang rek ngirimkeun doeit, kadjaba ti dianhětikěnkeun, aja deui nja eta koedoe diwesělkeun.

Děmi atoeranana kieu: oepamana bae noe rek dikirim teh aja di wěwěngkon India Nederland.

Mimitina oerang koedoe meuli soerat wesěl keur di wěwěngkon India Nederland heula (postwissel-formulier); dina eta soerat ditoelis oenina kieu:

Post- en telegraafdienst. Binnenlandsche postwissel. Handapeunana koe oerang koedoe ditoelis koe mangsi, sabaraha doeit noe rek dikirimkeun teh, koe angka sarta koe aksara Walanda.

Handapeunana eta ditoelis deui kieu oenina:

Terbajar kepada.....
Tempat kediaman.....
Djalan.....
Ieu titik-titik tea eusianeun oerang.

Oepamana bae noe rek dikirim teh R. Adiparadja, djoeroetoelis pagadean Tjirěbon, tjitjing di kampoeng Djadjaban.

leu oge oelah diasoepkeun kana liang soerat (brievenbus), tapi koedoe dibikeun ka lawang tĕlĕgram, atawa noe disĕboet di loehoer lawang ka I.

Dĕmi atoeran ongkosna kieu:

Oepama noe rek disoeratan teh djaoehna ti kantor pos oerang teu leuwih ti 75 K.M. sarta teu meuntas laoet, eta ongkosna 5 sen saban-saban sakĕtjap, sarta teu meunang koerang ngomong ti sataleneun.

Oepama leuwih ti 75 K.M. sarta teu ngaliwat keneh laoet, ongkosna 10 sen saban-saban sakĕtjap, sarta teu meunang koerang ngomong ti 5 kĕtipeun.

Tapi lamoen meuntas laoet mah lain deui ongkosna koerang ti 75 K.M. majar 10 sen, saban-saban sakĕtjap teu meunang koerang ti 5 kĕtipeun, sarta lamoen leuwih ti 75 K.M. koedoe 10 sen saban-saban sakĕtjap, teu meunang koerang ti saroepiaeun, kadjaba antara poelo Djawa djeung Madoera diitoeng sapoelo bae.

Djadi soerat kawat ieu noe di loehoer oepamana bae Tjitjalengka teh teu leuwih ti 75 K.M. djaoehna ti noe njoeratan, koe sabab eusina eta soerat ngan 10 kĕtjap, djadi pimajareunana 10 $\times$ 5 sen $=$ 50 sen.

Oepama leuwih ti 75 K.M. sarta teu meuntas laoet, djadi pimajareunana koedoe 10 $\times$ 10 sen $=$ 100 sen.

Pasal nĕlĕgram ka loeareun tanah India Nederland, teu ditjaritakeun, sabab katimbang teu sabaraha pĕrloena, nja oepama aja-aja teuing tĕlĕgrameun noe tjitjingna loeareun tanah India Nederland, toelis bae dina kĕrtas, atoeranana sapĕrti noe geus ditĕrangkeun dina atoeran noelis soerat kawat tadi, asongkeun ka lawang tĕlĕgram tea, ĕngke oerang meunang katangtoean, sabaraha koedoena majar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ari ngirimkeun ka Nederland, atawa ka bawahanana, koerang ti 1 K.G. 85, sen, leuwih ti 1 K.G. teu leuwih ti 3 K.G. 12 kĕtip, leuwih ti 3 K.G. koerang ti 5 K.G. *f* 1.75, leuwih ti 5 K.G. tĕtĕp teu ditarima.

Pospaket noe teu ditarima.

1. Lamoen barang noe rek dikirimkeum tea gĕdena 6 d. M^3 atawa leuwih.
2. Lamoen pandjangna leuwih ti 1 M, sarta roebakna 2 d. M.
3. Oepama eta barang beuratna 5 K.G. atawa leuwih.
4. Barang noe hiroep, atawa tatangkalan noe rek dipĕlakkeun deui.
5. Lamoen eusina barang noe rek dikirimkeun teh gampang djadina seuneu, sapĕrti: pĕpĕtasan banting djeung sabangsana.
6. Barang larangan Goepĕrnĕmen noe teu meunang dibawa kaloear asoep ka tanah India, saoepama: madat. Nja kitoe deui sajang walet.

Soerat kawat.

Ari goenana soerat kawat tea, dimana oerang aja kapĕrloean ka noe djaoeh, sarta maksoed oerang tea hajang nĕpi poë harita keneh ka noe rek disoeratan, oepama ngabedjakeun noe gĕring pajah, atawa naon bae, eta koedoe disoeratan koe soerat kawat.

Ieu oerang teu koedoe meuli heula briefkaart (kartoe pos) atawa parangko, tapi noelis bae dina kĕrtas, kieu oepamana:

Wangsaatmadja
Candidaat Onderwijzer
Tjitjalengka.

Iboe sakit kĕras lekas datang
Soekardi

Hoofdkassier (kasir), Kasir kahidji, Kasir kadoea, Kasir katiloe djeung Hulpkassier.

Kadjaba ti dinja rea deui pagawe² noe baris ngoeroeskeun barang² gadean, nja eta barang² noe kakara datang djeung anoe ditĕboes, koerang leuwih aja 60, kitoe soteh lamoen dina tĕmpat noe rame, dĕmi dina tĕmpat noe sĕdĕng mah tangtoe koerang ti sakitoe; ari gadjihna pang saeutikna *f* 20.— sarta kabeh beunang ngaeksamĕn.

Saha² noe daek djadi pagawe di pagadean, dipĕtjak heula pangartina:

1 tina bab metrieke stelsel (takĕran djeung timbangan).
2 „ „ ngitoeng nja eta poekoel djoemblah tarik bagi, pĕtjahan loembrah, pĕtjahan pĕrpoeloehan noe garampang.
3 „ „ ngarentĕnkeun (mĕrsenan).
3 „ „ toelisan.

Gawena hidji-hidjina pagawe.

Kontrolioer (Controleur) gawena poerah mariksa kaajaan dina hidji-hidjina tĕmpat sarta ngaeksamĕn anoe rek djadi pagawe di dinja dibarĕngan koe administrateur djeung koe adjoen administrateur.

Administrateur djeung adjoen administrateur gawena poerah nalingakeun sakabeh pegawe, moetoes pĕrkara noe kadjadian di dinja.

Klerk (djoeroetoelis) poerah noeliskeun kaloear asoepna barang, dina hidji² poë djeung dina hidji-hidjina boelan.

Hoofdschatter, schatter kahidji, kadoea, katiloe djeung hulpschatter, gawena poerah naksir hargana barang djeung nangtoekeun merena ngimdjeum.

Hoofdkassier, kasir kahidji, kadoea djeung kasir katiloe, gawena poerah nampa doeit ti anoe nĕboes, atawa merean doeit ka anoe ngagadekeun.

Djoeroetoelis noe sedjen noeliskeun barang² gadean djeung barang² tĕboesan.

Pagawe² noe gadjihna kakara *f* 20.— eta poerah, ngoeroeskeun barang² noe tatjan dibeungkeutan djeung ngĕtjap soerat² pakgade.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

No. 4

PAKGADE (PAGADEAN)

Djaman baheula hĕnteu aja pakgade, lamoen aja noe boetoeh koe doeit, sok ngindjeum ka noe sedjen nandonkeun barangna, boh imah boh kĕbon atawa sawah djeung barang [2] sedjen, make ngarentĕnan noe mahal pisan.

Lila [2] aja pakgade ditjĕkĕlna koe bangsa Tjina, rentĕnna rada moerahan, tapi noe beunang digadekeun teh ngan barang [2] noe beunang dibawa kana eta imah atawa noe beunang diteundeun di djĕro eta pakgade; dĕmi sapi moending djeung imah kĕbon atawa sawah mah hĕnteu ditarima.

Dĕmi merena ngindjeum hĕnteu sahargana eta barang, nja eta satĕngahna atawa sapĕrtiloena, noeroetkeun koemaha taksiran noe njĕkĕl eta pagadean.

Dina taoen 1903 eta pakgade ditjandak koe Goepĕrnĕmen, maksoedna soepaja oelah gĕde teuing rentĕnna; ti dinja toeloej ngadamĕlan tĕmpat [2] djeung pagawe-pagawena, nja eta:

Bangsa Eropa:

Inspecteur. (toekang mariksa), Controleur (Kontrolioer), Administrateur, ([1]) Adjoen Administrateur (adjunct-administrateur) djeung Klerk (Djoeroetoelis).

Bangsa priboemi.

Hoofdschatter, schatter kahidji, schatter kadoea, schatter katiloe. ([2])

([1]) Ieu beunang koe bangsa priboemi lamoen dina tĕmpat leutik.
([2]) Schatter, nja eta toekang naksir harga barang [2] gadean.

atawa lantaran poho, teu geuwat ditĕboes atawa diganti soerat anjar, lamoen lakoena dina lelang leuwih ti sahargana tina waktoe ngagadekeun eta leuleuwihanana dipoelangkeun ka noe boga barang; djadi lamoen aja noe ngagadekeun sarta teu bisa nĕboes, nja eta barangna dilelangkeun, geuwat soeratna bawa ka kantor pagadean menta soegan aja leuleuwihanana.

Oepama eta barang teu pajoe dina lelang, lantaran kamahalan teuing, toeloej dikoempoelkeun dina hidji kamar (tĕmpat) didjadikeun barang dagangan sarta saha noe soeka meuli ka dinja, ari ladangna diasoepkeun kana kas Goepĕrnĕmen.

Ngitoengna rentĕn.

Kadjaba soerat pakgade noe disĕboet L. A. tea, ajeuna oerang ngarentĕnanana dina L. B, L. C., L. D. djeung L. E. soepaja oelah ka liroe atawa kaleuwihan.

Dina soerat L. B. disĕboet rentĕnna tina *f* 1. dina 1 boelan 5 sen ngitoengna noe teu salah deui: *Salobana doeit noe diindjeum ditikĕl koe lilana poë, toeloej dibagi 30 ditikĕl koe 5;* beubeunanganana = sakitoe kali 1 sen koedoena mere rentĕn.

Oepamana:

Dina eta soerat L. B. digadena barang *f* 50 lilana 40 poë, ngitoengna $= \frac{50 \times 40}{30} \times 5.$

L. C: digadena *f* 75 lilana 80 poë ngitoengna $= \frac{75 \times 80}{30} \times 4.$

L. D: digadena *f* 100 „ 90 „ „ $= \frac{100 \times 90}{30} \times 3.$

L. E: digadena *f* 200 „ 50 „ „ $= \frac{200 \times 50}{30} \times 1.$

Oepama dina beubeunanganana aja pĕtjahanana sapĕrti 0.7 atawa 0.8 eta didjieun hidji bae; kitoe deui oepama eta pĕtjahan tea 0.4 atawa 0.3, eta dileungitkeun (dipitjeun), pendekna leuwih tina satĕngah didjieun 1, koerang tina satĕngah dipitjeun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sakoer pagawe di dinja lamoen salah koedoe geuwat bebedja atawa ditawiskeun ka administrateur atawa ka adjoenna, djeung lamoen taledor kana gawe, sok diděngda (boete).

Katěrangan katangtoeanana rentěn.

Ngaloearkeun doeit ti sěrěk ƒ 10 ka loehoer sapěrti ƒ 11.— ƒ 15.— ƒ 20.— ƒ 50.— ƒ 100.— satoeljna, eta tanggoengan administrateur djeung adjoen-administrateur, eta soerat² gade koedoe ditanda koe andjeunna, ari ti watěs ƒ 10.— ka handap mah, tanggoengan schatter, djadi eta soerat gade teu koedoe ditanda koe administrateur.

Ari rentěnna oepama aja noe ngimdjeum 10 sen něpi ka 50 sen, rentěnna dina 10 poë ngan 1 sen, djadi dina 1 boelan 3 sen.

Tina ƒ 0.60 něpi ka ƒ 25.— rentěnna tina ƒ 1.— dina 10 poë 2 sen, djadi nintjak 1 boelan 6 sen; lilana ditempoan něpi ka 5 boelan, tina ieu indjeuman anoe koedoe ditarik rentěn, ngan di djěro 90 poë, ieu soeratna sok diaksaraan (letěran) L. A.

Tina ƒ 26.— něpi ka ƒ 50.— rentěnna tina ƒ 1.— dina 1 boelan 5 sen tempona 180 poë, soeratna make soerat L. B.

Tina ƒ 51.— něpi ka ƒ 75.— rentěnna tina ƒ 1.— dina 1 boelan 4 sen, lilana (tempona) 270 poë, soeratna make L.C.

Tina ƒ 76.— něpi ka ƒ 100.— rentěnna tina ƒ 1.— dina 1 boelan 3 sen, lilana 360 poë, soeratna make soerat L. D.

Tina ƒ 101.— něpi ka ƒ 300.— rentěnna tina ƒ 1.— dina 1 boelan 1 sen, lilana 360 poë, soeratna make soerat L. E.

Děmi lilana tina waktoe ngimdjeum něpi ka eta barang lapoer, (dilelang), sok diseboet dina eta soerat, kitoe deui oepama eta barang geus aja dina těmpat lelang, oerang hěnteu meunang ngarentěnan atawa ngaganti soerat, lamoen oerang njaah keneh kana eta barang, koedoe ditěboes bae.

Lamoen hajang ngaganti soerat, lantaran atjan aja keur něboes koedoe dina waktoena noe ěnggeus ditangtoekeun dina djěro eta soerat gade.

Barang² noe geus kalelang lantaran teu bisaeun něboes

Dina oenggal ² pagadean geus diatoer make pirang ² loket, nja eta lawang ² leutik paranti narima barang ² gadean, narima djeung ngaloearkeun doeit, djeung sadjaba ti dinja.

Di pagadean Bandoeng diatoer aja 12 loket (lawang ² lĕmboet).

1 loket tĕmpat paranti narima gadean ĕmas intĕn.
2 „ „ „ „ „ barang noe galĕde sapĕrti : mĕsin.
3 „ „ „ „ doeit (tĕboesan) ti noe ngagade.
4 „ „ „ „ gadean bangsa lalaki barang sipat njamoe.
5 „ „ „ „ gadean bangsa awewe barang sipat njamoe.
6 „ „ „ „ noe ngaganti soerat (noe majar rentĕn).
7 „ „ „ „ noe ngaganti soerat lamoen eta soerat leungit.

Ieu kabeh ti no. 1 nĕpi ka no. 7 disĕboetna Bureau van inbreng

8 loket tĕmpat paranti nĕboes barang sipat njamoe
9 „ „ „ „ „ perak djeung sedjen ²
10 „ „ „ ngaboeskeun soerat gade noe baris ditĕboes, di dinja eta soerat diitoeng heula koe hulpkasir sabaraha koedoena nĕboes.
11 djeung 12 „ „ kasir narima doeit tĕboesan ; ti sĕrĕk no. 8 nĕpi ka no. 12 disĕboetna *Bureau van lossing*.

Administratie.

Sakabeh pagadean ana lapor staat ² ka kantor Hoofdbureau Pandhuisdienst di Batawi nja eta :

1 Staat kaajaan doeit, noe koedoe dilapor oenggal poë.
2 „ kaloear asoepna doeit djeung barang ² oenggal 10 poë sakali.
3 „ verantwoording.
4 „ kaloearan doeit woengkoel.
5 „ beubeunangan barang Goepĕrnĕmen. Ieu disĕ-

Ieu dihandap aja tjontona soerat gade.

Soerat gade No. .....

Roemah gade Gouvernement.

Jang mengakoe bernama .....
orang bangsa ..... mengakoe
beroemah / mondok di kampong ..... toeroet
kaloerahan ..... onderdistrik .....
beroemah di ..... pada hari ini
tanggal ..... boelan ..... 19 .....

Angka. .....

.....

.....

.....

ditaksir harga *f* .....
dikasih pindjam *f* .....

Dari ini wang pindjeman tiada sekali boleh ditarik boenga lebih dari pada 90 hari.
Kalau barang ini tiada diteboes atau digadekan lagi pada hari tanggal .....

.....

maka lantas boleh dilelangkan.
Barangnja misih boleh diteboes salamanja barangnja belom dibawa keloear dari pagadean boeat dilelangkan.

Angka.

Tarief boenga.

Wang pindjeman.	Boenga tida boleh di tarik dari 90 hari
50 sen atau koerang	1 sen dalam 10 hari .....
lebih dari 50 sen sampai *f* 25.	2 sen dalam saban roepiah atau koerang dalam 10 hari 90
„ „ *f* 25 sampai *f* 5 .	5 sen boeat saban roepiah dalam 30 hari: oerang dari 10 hari 90; Kahitoeng 10 hari 180
„ „ 50 „ *f* 75.	4 „
„ „ 75 „ *f* 00.	3 „
„ „ 100 „ 300.	1 „ boeat saban roepiah dalam 30 hari: Lebih dari 10 hari 270; Kahitoeng harian 360

No. 5.

'S LANDS KAS.

Ari noe disĕboet 's Lands kas teh, nja eta hidji kantor doeit kangdjĕng Goepĕrnĕmen, anoe gawena baris ngaloearkeun djeung narima doeit ti sedjen [2] kantor.

's Lands kas noe aja di kota [2] noe galĕde sapĕrti : di Batawi, Bandoeng, Samarang djeung Soerabaja, doeitna teu pati rea, sabab diserenkeun ka kantor Javasche Bank.

Ari atoeranana oepama oerang rek njokot doeit ka 's Lands kas, mimitina koedoe boga hidji soerat, noe disĕboet mandaat, ordonnantie atawa acceptatie ; eta mandaat atawa ordonnantie tea, noe baris ditarima koe oerang, didjieunna di kantor apdeling Comptabiliteit sarta ditawis koe kangdjĕng toean rĕsiden.

Tapi ari mandaat noe satorodjolna ti Departement mah, ditawis koe sepna apdeling Comptabiliteit bae. Lamoen oerang atawa hidji kantor rek noekeurkeun mandaat, anoe pangadjina reboean roepia, eta mandaat sanggeus ditanda koe noe boga, koedoe ditoekeurkeun ka kantor 's Lands kas, tatapi koe sepna eta kantor lain dibere doeit, ngan dibere hidji kwitantie, noe disĕboet chèque (tjek) panoekeuran mandaat atawa ordonnantie tea ; eta panoekeuran koe oerang koedoe ditoekeurkeun ka kantor Javasche Bank. Tatapi lamoen aja keur majar mah, ditarima sarta ditoekeuran di kantor 's Lands kas bae.

Ari noe ditarima nja eta noe saeutik, sapĕrti : ti sakola [2], ti kantor ondercollecteur, ti goedang oejah, nja eta doeit leutik, ti sĕmĕt doeit talen ka handap ; ari doeit kĕrtas mah djeung ti sĕmĕt doeit tĕngahan ka loehoer, sĕtorna koedoe ka kantor Javasche Bank.

boet barang Goepĕrnĕmen, nja eta barang gadean noe geus lapoer, toeloej di lelangkeun, tapi dina lelang hĕnteu pajoe, tah eta barang djadi milik Goepĕrnĕmen diteundeun dina hidji tĕmpat sarta di dinja lamoen aja noe soeka meuli didjoeal.

6 Staat mutatie (staat kaloear asoepna pagawe).
7 „ boete (dĕngda).
8 „ tractementstaat (staat bajaran)
9 „ bandingan. leu staat bandingan baris nganjahokeun kaloear asoepna doeit dina taoen toekang toeloej dibandingkeun djeung taoen ajeuna.

Laporan taoen.

1 Jaarrekening.
2 Toelichting jaarrekening.
3 Staat barang² noe ditjokot koe poelisi.
4 „ tĕmpat² noe ngagadekeun.
5 „ kaloear asoepna doeit djeung barang di djĕro sataoen.
6 „ barang tĕboesan.

Ari Inspecteur aja 3 nja eta:

1 Inspecteur 1e afdeeling ajana di Batawi.
2 „ 2e „ „ „ Sĕmarang.
3 „ 3e „ „ „ Soerabaja.

Sing saha noe hajang djadi pagawe Goepĕrnĕmen di pagadean, hade rĕkes menta dieksamĕn ka kontrolioer pagadean, dĕmi noe menta tea oemoerna panghandapna oemoer 20 taoen, pangkolotna 35 taoen; dĕmi noe dipake ngaeksamĕn sakoemaha noe geus disĕboet di loehoer.

Saoepama aja pagawe rek verlof, ti sĕrĕk 8 poë ka loehoer koedoe noenggoe poetoesan inspecteur, ari ti sĕrĕk 8 poë ka handap mah poetoes koe tanggoengan administrateur bae; kadjaba lamoen eta pagawe tea gĕring sarta meunang sertipikat (Certificaat) ti doktor, eta mah teu koedoe noenggoe poetoesan.

tĕmpat[2] noe kasĕboet bieu lain woengkoel gawe 's Lands kas bae, tapi ngarangkĕp djeung gawe vendumeester (poerah ngoeroes lelang), malah noe djadi venduslagerna oge pagawe di dinja keneh bae.

Dĕmi lalaporanana, kitoe deui ngirimkeun soerat[3] atawa mandaat[2] noe geus dibajar tea, eta kabeh ka Directeur Financiën.

Lamoen kantor 's Lands kas, noe djaoeh ka kantor Javasche Bank, kakoerangan doeit, ontvangerna (onpangĕrna) koedoe ngirimkeun soerat ka Directeur Financiën, menta dikirim doeit. Antara 10 atawa 15 poë, Directeur Financiën ngirimkeun doeit sapĕrloena ka ontvanger (onpangĕr) tea. Tatapi hĕnteu salawasna oenggal[2] menta dikirim ti Batawi, sakapeung mah sok ti kantor 's Lands kas sedjen bae, noe dikira rea doeit leutikna.

Hal toetoepna kantor 's Lands kas lain Minggoe bae, tatapi poë Saptoe oge ditoetoep, soemawonna ari vacantie (pĕre) mah. Malah noe ontvangerna (onpangĕrna) ngarangkĕp djeung pagawean vendumeester mah, dina hidji minggoe ditoetoepna teh doea poë katiloe poë Ahad, nja eta baris njaksian di mana aja noe lelang tea.

Sanadjan koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen geus ditĕtĕpkeun hal toetoepna (teu ngaloearkeun doeit) nja eta dina poë Saptoe djeung Sĕnen, tatapi ari mĕnĕran tanggal hidji mah, koedoe bae diboeka, nja eta pikeun ngaloearkeun doeit woengkoel, baris noe noekeurkeun mandaat[2] keur gadjih djeung keur djĕlĕma[2] noe meunang pangsioen.

Ieu kantor dibagi sababaraha kamar, nja eta pikeun sepna (toean ontvanger), pikeun klerk[2], djoeroetoelis[2] djeung kassier (kasir).

Ari kantor 's Lands kas teh aja 3 roepa, nja eta noe disĕboet kĕlas I, kĕlas II djeung kĕlas III.

Noe disĕboet kantor kĕlas I, nja eta noe ajana di Batawi, Bandoeng, Samarang djeung Soerabaja.

Reana pagawe noeroetkeun kĕlasna kantor djeung reana atawa riboetna gawe.

Hidji-hidjina pangkat:

Ontvanger (onpangĕr) kĕlas I.

Ontvanger (onpangĕr) kĕlas II.

Ontvanger (onpangĕr) kĕlas III.

Commies (komis).

Klerk.

Kassier (kasir) kĕlas I gadjihna ti *f* 80 nĕpi ka *f* 100.

Kassier (kasir) kĕlas II gadjihna *f* 45.

Djoeroetoelis kĕlas I gadjihna *f* 30.

Djoeroetoelis kĕlas II gadjihna *f* 15.

Geldteller (toekang milang doeit) gadjihna *f* 20.

Ditambah koe magang.

Saoerang-oerangna pada boga kamistian, oepama ontvanger (onpangĕr), commies (komis) djeung klerk tina bab nandaan kwitantie atawa staat (sĕtat) noe geus katarima.

Kassier (kasir) kĕlas I, kassier (kasir) kĕlas II djeung geldteller (toekang milang doeit) tina bab ngoeroes djeung ngaloearkeun doeit atawa nampa belasting (padjĕg tanah oerang Walanda atawa Tjina).

Bangsa djoeroetoelis noeloeng[2] kana sagala gawe, ngoeroes toetoelisan djeung salian te eta.

Noe disĕboet kantor 's Lands kas kĕlas II djeung kĕlas III nja eta noe ajana di tĕmpat[2] noe laleutik sapĕrti: di Bogor, Soekaboemi, Poerwakarta, Garoet, Tasikmalaja djeung salian ti eta; pagawena nja kitoe deui bae saeutik, nja eta: ontvanger (onpangĕr) kĕlas II atawa kĕlas III, kassier (kasir) djeung geldteller. Malah di tĕmpat noe katimbang koerang rea gawe mah, tara diajaan kassier (kasir[2]) atjan, ngan oekoer djoeroetoelis kĕlas I djeung geldteller.

Moenggoeh gawena ontvanger (onpangĕr) noe aja di

Assistent-Resident (President Gemeenteraad), Controleur, djeung djaba ti eta.

Koe sabab pikeun ngoeroes eta pĕrkara tea, koedoe make doeit, Gemeenteraad meunang ngajakeun padjĕg. Tjontona padjĕg Gemeente, oepama: padjĕg tina roepa² laladjoanan (bioskop djeung loba² deui).

Koe eta Gemeenteraad didjĕnĕngkeun hidji Direktoer pikeun sagala pagawean Gemeenteraad, djeung antĕnar² noe koedoe njieun djalan² djeung sasak² djeung sadjaba ti eta tea. Djaba ti eta tangtoe koedoe aja Secretaris djeung djoeroetoelis² noe ngoeroeskeun administratie Gemeente.

Hal atoeranana oepama oerang rek menta tjai soemoer bor.

Mimitina oerang koedoe ngadeuheus (njanggakeun hidji soerat) ka kantorna, njaritakeun sakoemaha noe dimaksoed koe oerang, sarta oerang koedoe nĕrangkeun lĕbahna djeung kampoengna noe rek didjieunan. Sanggeus di pariksa oerang dipiwarang balik bae.

Sanggeus sawatara poë, toean directeur nimbalan ka opzichter masang sakoemaha noe dipenta doe oerang tea.

Bab majarna.

Lamoen eta pipah geus dipasang, oerang koedoe majar karoegian sawatara roepiah, karoegian make koeli² djeung salian ti eta; tapi dina oenggal² boelan mah oerang teu koedoe majar sapĕrti noe ĕnggeus, ngan koedoe majar tjai bae dina 1 M³. *f* 0.25, djeung watermeter, (noe poerah noedoehkeun sabaraha M³. beakna tjai) *f* 0.35. Dĕmi majarna watermeter hĕnteu anggĕr *f* 0.35, aja noe leuwih mahal, nja eta noeroetkeun gĕdena pipah noe didjalanan koe tjai, sarta makena tjai sakoerang-koerangna koedoe beak 4 M³. dina saboelan.

Bab njieun imah.

Lamoen oerang rek njieun imah gĕde, mimitina oerang koedoe ngadeuheus ka kantorna, nĕrangkeun tĕmpatna

No. 6

GEMEENTERAAD.

Pikeun ngahampangkeun pagawean kapala nagara (Resident) djeung soepaja abdi ² bisa pipiloeeun sarta aja kakoeatan kana hal pamarentahan di tĕmpat tjitjingna, koe Kangdjĕng Gouvernement diajaan Gemeenteraad.

Ari Gemeenteraad teh nja eta hidji koempoelan ĕlid ² noe ngabadamikeun roepa ² pĕrkara di djĕro dajeuh.

Noe dioeroes koe Gemeenteraad nja eta:

1e. Pĕrkara njieun djeung ngoeroes djalan ² djeung djambatan ² noe aja di djĕro dajeuh.

2e. Hal ngadĕgkeun djeung ngoeroes adĕgan² kagoengan nagara.

3e. Masang djeung ngoeroes solobong ² tjai soemoer bor.

4e. Ngoeroes soepaja tjai noe kotor ngotjor, oelah njalalangkroeng.

5e. Ngadĕgkeun djeung ngoeroes pasar.

6e. Ngoeroes makam ²

7e. Ngoeroes kasehatan di djĕro dajeuh.

Djaba ti eta loba deui oeroesan ² tangoengan nagara, noe koedoe dioeroes koe koempoelan noe di loehoer tea.

Dĕmi ĕlid ² eta koempoelan sawareh didjĕnĕngkeun koe Gouvernement djeung sawareh deui dipilih koe abdi ² bangsa Eropa.

Lamoen bangsa oerang priboemi geus loba noe palintĕr, tangtoe meunang miloe milih. Dina mangsa ajeuna mah ĕlid ² noe lain bangsa Eropa dibĕnoem koe Gouvernement bae, sapĕrti: Rĕgen, Patih, Kapten Tjina. Nja kitoe deui ĕlid ² bangsa Eropa sawareh mah dibĕnoem koe Gouvernement bae, sapĕrti:

Mandor poerah merean kartjis.

Ari kartjisna noeroetkeun koemaha gĕdena dagangan, sarta hargana ti *f* 0,01 nĕpi ka *f* 0,05.

Demi bajaran pagawena noeroetkeun koemaha gĕdena pasar bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

noe rek didjieun, desana atawa kampoengna, roebakna djeung pandjangna pelester atawa tembok djeung tihang kai atawa awi. [1])

Sanggeus sawatara poë toeloej datang koemisi anoe ngawoeroekan, jen anggangna imah tina imah deui atawa tina adĕg-adĕgan noe sedjen sakoerang-koerangna koedoe $2^1/_2$ M.

Sanggeus 8 atawa 9 poë tina waktoe tas dikoemisi oerang narima hidji soerat nĕrangkeun, jen bisloeit idinan tea, koedoe ditjokot sarta ditĕrangkeun hal pimajareunana.

Atoeran majarna.

Njieun imah tembok dina 1M². *f* 0,10.
Njieun imah dipadĕmen atawa dipelester dina 1M³. *f* 0,10.
Njieun imah tihang kai dina 1 M². *f* 0,07½.
Njieun imah tihang awi dina 1 M². *f* 0,05.

Kadjaba dina sakali koemisi (kasoempiangan toean) koedoe majar *f* 2,50 katoet doeit zegel (segĕl) pikeun bisloeit idinan tea, tapi hal ieu bajaran aja robahanana, djadi koemaha timbangan directeurna bae.

Lamoen noe njieun imah tea ngarĕmpak atawa ngabohong, soemawonna moen ngaleuwihan atawa ngoerangan ka noe geus disĕboet dina bisloeit idinan tea, sok dihoekoem sarta eta imah koedoe dirakrak deui.

Ari imah tihang kai atawa awi noe lĕgana ti 50 M², ka handap mah, sapĕrti 45 M², atawa 40 M², teu koedoe majar, ngan majar doeit zegel (segĕl) bae *f* 1,50 katoet doeit koemisi noe *f* 2,50.

Bab pasar.

Di pasar diajaan pirang² pagawe, nja eta mantri, mandor djeung toekang sasapoe.

Dĕmi mantri gawena poerah ngoeroes atawa mariksa kartjis anoe dagang.

---

[1]) Sakoer noe aja di djĕro kota.

Belasting hidji kamar, nja eta noe poerah ngoeroeskeun pĕrkara padjĕg gadjih, padjĕg parabot roemah tangga djeung padjĕg tanah².

Politie hidji kamar, nja eta baris narima pĕrkara lalaporan politie (poelisi).

Expeditie hidji kamar, noe gawena keur ngirimkeun soerat² ka oenggal² nagara.

Gouvernementstransport hidji kamar, nja eta poerah narima djeung ngirimkeun barang², sapĕrti parabot sakola² kopi, oejah djeung salian ti eta, sakoer barang kagoengan kangdjĕng Goepĕrnĕmen.

Di eta kantor² noe disĕboet bieu tea, kangdjĕng Goepĕrnĕmen geus midaměl pirang² pagawe oerang Walanda djeung oerang Soenda, nja eta: commies², klerk² djeung djoeroetoelis². Djadi ponggawana kangdjĕng toean rĕsiden noe aja di eta kantor, reana aja opat- lima poeloehna djĕlĕma.

No. 7.

RESIDENTIEKANTOOR (KANTOR KARĔSIDENAN).

Poelo Djawa dibagi sababaraha karĕsidenan, dĕmi noe disĕboet karĕsidenan teh nja eta panglinggihanana kangdjĕng toean rĕsiden, minangka radjana di eta tĕmpat. Eta kangdjĕng toean rĕsiden koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen dipangdamĕlkeun hidji kantor, ngaranna kantor karĕsidenan, nja eta baris ngoeroes daměl andjeunna.

Ari eta kantor dibagi sababaraha bagian (kamar) pikeun ngoeroes hidji-hidjina gawe, koe sabab karĕsidenan teh gĕde ambahanana, sapĕrti:

Kantor Secretaris hidji kamar, nja eta kantorna kangdjĕng toean secretaris, dĕmi kangdjĕng toean secretaris tea, nja eta wawakilna kangdjĕng toean rĕsiden di eta kantor.

Kantor Comptabiliteit hidji kamar, anoe gawena baris ngoeroeskeun soerat[2] tina bab mandaat, sapĕrti gadjih[2], declarasi (ongkos djalan) djeung voorschot (doeit noe diindjeumkeun ka menak[2] noe pindah).

Ordonnantie hidji kamar, nja eta poerah ngoeroeskeun mandaatna noe geus djadi.

Archief narima djeung njimpĕn soerat[2] ti oenggal[2] nagara.

Gewestelijke Raad djeung *Overschrijving van vaste goederen* hidji kamar; ari gawena keur ngoeroeskeun bab tanah[2] djeung pakarangan[2].

Burgelijke stand hidji kamar, nja eta keur ngoeroeskeun bab pĕrkara noe ngadjoeroe, noe maot, noe kawin djeung noe njĕrahkeun oerang Walanda, sabab waktoena kawin koedoe di pajoeneun toean secretaris djeung saksi-saksina.

Ari mantri leuweung gawena, nja eta bisi aja somahan[2] noe ngala atawa ngaroeksak kakaian; kitoe deui lamoen aja kai noe sakira pĕrloe diala.

Boschwachter gawena sapĕrti mantri bae, malah lamoen eta boschwachter madjoe, diangkatna nja kana mantri.

Kakaian noe geus dikirimkeun koe mantri[2] atawa boschwachter dina oenggal[2] boelan, koe toean houtvester diserenkeun ka toean notaris sina dilelangkeun. Sanggeus dilelangkeun koe toean notaris, doeitna hĕnteu diserenkeun ka kantor houtvester, tapi ditoeloejkeun bae ka ontvanger; ari houtvester mah ngan nampa staat lalaporanana bae.

Tapi oelah njangka, jen kabeh leuweung diala kakaianana, sabab koe noe pintĕr sarta koe noe ahli elmoe alam geus kamanah, jen lamoen kakaianana noe aja di leuweung oerang dibeakkeun, matak ngadjadikeun koerang hoedjan. Koe sabab eta rea pisan leuweung[2] anoe ditoetoep hartina teu diala kakaianana, sapĕrti: G. Malabar, G. Tangkoebanparahoe, G. Galoenggoeng djeung salian ti eta.

Dĕmi lalaporanana ieu kantor ka Directeur van Landbouw, Handel en Nijverheid.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

No. 8

KANTOR ASISTEN DJATI. (HOUTVESTERIJ).

Kangdjĕng Goepĕrnĕmen geus ngajakeun hidji kantor, noe gawena baris ngoeroes djeung ngaraksa kakaian noe aja di leuweung, kajaning: djati, rasamala, karet djeung salian ti eta.

Ari pagawena noe aja di kantor nja eta:

Houtvester.

Aspirant-houtvester.

Mantri opnemer.

Sarta ditambah koe magang[2].

Eta houtvester ngangkat pirang[2] opzichter Walanda, mantri djeung boschwachter noe ditĕtĕpkeun di leuweung.

Dĕmi gadjihna mantri ti *f* 35 nĕpi ka *f* 65.

Boschwachter ti *f* 20 nĕpi ka *f* 29.

Hal gawena.

Ari gawena houtvester djeung aspirant houtvester nja eta poerah marentah noe kabawah koe eta kantor djeung nekĕn pĕrkara staat (sĕtat).

Mantri opnemer kana ngagambar sagala leuweung[2] noe aja kakaianana atawa noe geus diala.

Djoeroetoelis poerah noelis sagala staat (sĕtat[2]) djeung soerat[2].

Gawena noe aja di leuweung.

Opzichter kana ngoemisi leuweung bagianana atawa marentah mantri[2] djeung boschwachter.

6 Djoeroetoelis noe gadjihna *f* 15 saoerang.
Teekenmeester „ „ *f* 17.50.
Mandor[2] gadjihna aja noe: *f* 15; *f* 17.50; *f* 20 nĕpi ka *f* 25.
Dĕmi pagawe di pabrik:
Machinist kahidji (masmis kahidji).
„ kadoea („ kadoea).
Mandor[2] gadjihna tina *f* 12.50 nĕpi ka *f* 30.

Ari pĕrĕnahna eta pabrik di desa Dago katjamatan Tjipaganti (Baloeboer) kira 5 pal djaoehna ti kota sarta eta pabrik didjalankeunana koe tjai.

Dĕmi datangna tjaang ka djĕro imah, marake songsong, malah sawareh mah marake bola-bolana. Eta songsong lampoe listrik disĕboetna *Gloeilamp.*

Nja kitoe deui majarna noeroetkeun tjaangna anoe dibandingkeun djeung tjaangna lilin nja eta:

1 lampoe noe tjaangna 5 lilin 1 boelan bajaranana *f* 0.75.
1 „ „ „ 25 „ 1 „ „ *f* 1.25.
1 „ „ „ 50 „ 1 „ „ *f* 2.50.

Kitoe deui lamoen hajang make lampoe anoe dipindahkeun tjaangna (stroomna): sapĕrti masang lampoe di tĕngah imah, hajang dipindahkeun harita keneh ka hareup, bajaranana tambah *f* 0.25 make deui parabot paranti mindah[2] tjaang tea, ngaranna *omschakel.*

Djaba ti ieu aja deui noe teu noeroet atoeran disĕboetna *Extra*, ngitoengna bajaran rata bae dina hidji lampoe aja noe *f* 1 djeung anoe *f* 0,90 dina saboelan gĕde leutik, sarta dipakena di toko[2], losmen[2] djeung rea[2] deui.

Tarip toko hoeroengna ngan nĕpi ka poekoel $8^1/_2$ anoe make 1 lampoe 25 lilin majarna ngan *f* 0.75 saboelan.

Noe make atoeran Extra nja eta di toko[2] tea sok make lampoe noe galĕde, eta lampoe noe gĕde tea disĕboetna Booglamp.

Saoepama 1 losmen pĕrloe make 100 lampoe nja eta noe:

20 booglamp
30 noe 25 lilin
50 „ 50 „

} ieu kabeh majarna saroea dina 1 lampoe saboelan *f* 0.90 gĕde leutik.

Ieu tjaang (stroom) sakapeung sok pareum lantaran:
1e Oepama solokan kaoeroegan atawa tjaah, lantaran

No. 9.

ELECTRICITEITSFABRIEK (PABRIK LISTRIK).

Oerang² kampoeng noe sok njaba ka dajeuh, soemawonna anoe kakara ka dajeuh Bandoeng, rĕsĕpeun pisan nendjo sagala barang noe aja di dajeuh sapĕrti: nendjo toko², pabrik², imah² noe araloes, kawat rantĕng sarta lampoe rantoej di satoeroet-toeroet, djalan; komo lamoen tipeuting keur waktoe aja damar, loba noe kaget, tina nendjo damar sakitoe reana djeung araloesna teu aja anoe njeungeut, sarta leuwih tjaang bengras manan damar biasa, noe koe manehna diseungeut di imahna. Nja kitoe deui sok radjeun nendjo lamoen pareum, sok pareum kabeh euweuh noe mareuman, atoeh gawena ngan palangapolongo bae heraneun.

Eta noe dipikaget babakoena lampoe listrik (Electriciteit) malah sok djadi paomongan pokna: hajoe oerang narendjo listrik; geuning sok aja noe ngahadja ka dajeuh hajangeun nendjo.

Soepaja tĕrang sarerea tina eta listrik, ajeuna oerang tjaritakeun sakoer noe pĕrloe njaho bae, tina pabrikna listrik heula.

Ngadĕgna pabrik listrik di Bandoeng dina taoen 1906 anoe dingaranana Bandoengsche Electriciteit Maatschappij, lamoen dipandokkeun noelisna (verkortingna) B. E. M.

Pagawena noe aja di kantor:

Administrateur.
Opziener kahidji.
„ kadoea.
Boekhouder.
Magazijnmeester.
Kasir noe gadjihna *f* 60.

koedoe majar f 55.—; lamoen teu majar tĕroes didawa ka Residentiegerecht di Bandoeng.

Lamoen oerang rek djadi langganan, koedoe datang ka eta kantor, di dinja dibere soerat pĕrdjangdjian noe geus disadiakeun di kantor Bandoengsche Electriciteit Maatschappij.

Atoeran sewaan.

Hargana dina hidji sĕmprong anoe gĕdena lampoe 25 lilin atawa 50 lilin f 0.35 dina sahidjina.

Langganan koedoe majar sewaan dina saboelan sakali, nja eta majar listrikna djeung koeloewoeng beusi leutik ngarah pantĕs, da ari ĕnjana mah masih teu make koeloewoeng beusi oge mo boeroeng hoeroeng.

Sewaanana eta koeloewoeng moerah pisan, noeroetkeun lobana damar.

Oepama aja noe make lampoe pendel atawa lámpoe tembok noe make hidji koeloewoeng beusi, koedoe njewa sakĕtip, lampoe tembok sakĕtip, kroon 2 kĕtip noe tjabang 3 koedoe 3 kĕtip, noe tjabang 4 koedoe 4 kĕtip, sapĕrti di handap ieu:



Djadi oepama make lampoe noe 5 lilin sarta make solobong (buis) majarna dina saboelan $f\,0.75 + f\,0.10 = f\,0.85$ dina hidji lampoe.

2 lampoe = 2 × f 0.85 = f 1.70.
noe 25 lilin „ 1.25 + „ 0.10 = f 1.35.
2 lampoe = 2 × „ 1.35 = „ 2.70.
noe 50 lilin „ 2.50 + „ 0.10 = „ 2.60.
2 lampoe = 2 × „ 2.60 = „ 5.20.

mĕsin teu djalan; nja kitoe deui lamoen roeksakna lain lantaran tadi, koedoe geuwat bebedja ka pagawe noe aja di kantorna.

2e Oepama kawat aja noe pĕgat djeung sadjaba ti dinja.

Kadjaba ti dipake njaangan imah², djalan², gawena dipake deui baris ngadjalankeun parabot pabrik kina, bengkel² pabrik atji djeung rea² deui djaba ti dinja nja make kabĕdasanana stroom (tjaang) ingĕt oerang oelah roempoe rampa kana parabot eta listrik bisi tjilaka.

Ari dipasangna eta lampoe mimitina ti poekoel $5^1/_2$ sore nĕpi ka poekoel $6^1/_2$ isoek².

Dĕmi bakatna eta listrik, lamoen songsongna kotor, sok ngadjadikeun soerĕm (ngoerangan tjaang); koe sabab kitoe, langganan² dina 3 boelan sakali sok mareuli deui songsongna ambeh tĕrang.

Oepama gardoeh listrik keur diboeka, oerang oelah wani² asoep atawa tjoebak tjabak tea, sabab matak tiwas.

Ari gawena eta gardoeh² tea, baris noeloeng kana kakoeatan stroom (tjaang) di dinja diteundeunan parabot anoe diminjakan djeung ti dinja lampoe² diseungeut.

Saha² noe hajang djadi langganan pangsakeudeungna koedoe didjĕro sataoen, noe hoeroengna ti poekoel $5^1/_2$ atawa ti poekoel 6 sore nĕpi ka poekoel $5^1/_2$ atawa poekoel 5 isoek².

Di Bandoengsche Electriciteit Maatschappij, sadia tjonto² lampoe noe sahidji disĕboetna Pendel. (lampoe noe sahidji ngagantoeng) noe doea tjabang „Kroon djeung lampoe² tembok, eta kabeh koedoe njewa.

Sing djadi ingĕt pisan, saha² noe geus djadi langganan, hĕnteu meunang ngaleuwihan lampoe, oepama oerang dina pĕrdjangdjian make 4 lampoe, ahir² make 5 atawa 6 lampoe, koe lantaran njaho akalna njieun deui tjaang, eta ditjaboet tina djadi langganan kawat-kawatna dipĕgat-pĕgatkeun sarta hoekoemanana didĕngda koedoe majar 10 × tina mistina majar. Oepama manehna koedoe majar dina saboelan *f* 5.— djadi koedoe majar 10 × *f* 5.— = *f* 50.— ditambah koe bajaran biasa nja eta *f* 5.— djadi djoembla

No. 10.

POSTSPAARBANK.

Moenggoeh djĕlĕma noe ngingĕtkeun ka pikahareupeun mah, sok hajang boga pĕpĕrĕnian, sabab bangsa oerang teh kapan sok loba kapĕrloean, sapĕrti: sok hadjat Rĕwah atawa Moeloed sok gĕring djeung loba ² deui, eta kabeh koedoe aja bahanna, babakoena nja eta doeit.

Biasana bangsa oerang teh tara tjaringtjing, oepama geus aja pĕrloe sok goedar-gedor goeda-gade atawa andjoek hoetang ƒ 10 poelang ƒ 12.50 oge saboelan ditjokot bae da boetoeh, tapi dina waktoena majar mah sok ngarahoeh.

Koemaha atoeh akalna, soepaja oelah nĕpi ka kitoe?

Taja lian ngan koedoe boga pĕpĕrĕnian, parĕdjĕkian sesana didahar tea pĕrloekeun koempoelkeun.

Di mana neundeunna?

Da ari di imah mah tara kaoer, sok kapake, sabab napsoe tea kapan taja wangĕnanana, sanadjan diasoepkeun kana tjengtjelengan taneuh oge koe oerang ana aja pĕrloe saeutik teh, sok dirodjokan dibidjilkeun, tina keuheulna toengtoengna dibeubeutkeun, atoeh ari geus beh mah da doeit, moal boeroeng beak.

Koe sabab eta kangdjĕng Goepĕrnĕmen aja manah hajang noeloeng ka djĕlĕma ², mangampihkeun doeitna, sarta oepama aja pĕrloe saoetak-saeutik babari pisan ditjokotna.

Pikeun tĕmpatna neundeun doeit tea kangdjĕng Goepĕrnĕmen geus njadiaan sababaraha kantor pos djeung kantor pos toeloengan.

Saban poë oerang meunang neundeun doeit, kadjaba dina poë Minggoe djeung hari besar; dina sakali-kalina

Oepama oerang rek eureun, koedoe geuwat njoeratan ka kawasana samemeh tanggal 15, nja kitoe deui majarna diitoeng satĕngah boelan bae. Karoeksakan lampoe lantaran ti oerang, eta koedoe diganti, tapi lamoen roeksak lantaran listrik eta mah teu koedoe.

---

toean Directeur, atawa lamoen geus heubeul oerang neundeun gĕde tea, tatjan aja bedja ti Batawi, eta oge soeratan bae, sarta teu koedoe make parangko, ari adresna kieu:

Kapada

Padoeka Toean Directeur
Postspaarbank jang terhormat

di

Batawi.

Koemaha lamoen aja kapĕrloean rek make doeit oerang tea? Kieu atoeranana: Oerang koedoe ngadeuheus ka toean komis kantor pos bari mawa boekoe djeung bintang doedoeitan tea.

Lamoen tjengtjelengan doeit oerang tea, geus meh beak, oepama kari *f* 2 deui, rek dipenta kabeh; eta koe toean komis teu tĕroes dipaparinkeun, sabab andjeunna koedoe oendjoekan heula ka toean Directeur di Batawi nja kitoe deui lamoen rek njokot leuwih ti *f* 100 koedoe njoeratan heula ka Batawi.

Lamoen noe boga tjengtjelengan gĕring, meunang nitahan njokot doeitna, bahankeun bae boekoena katoet bintangna tea, tangtoe dibajar koe toean komis. Tapi lamoen toean komis hamhameun, koedoe menta katĕrangan ka poelisi.

Koemaha lamoen pindah?

Oepama oerang Bandoeng pindah ka Padang atawa sabalikna, koemaha tjengtjelenganana?

Beunang boekoe ti Bandoeng tea lamoen rek neundeun di Padang; basa waktoe rek indit ti Bandoeng koedoe njarita heula ka toean komis jen boekoena hajang dipindahkeun ka kantor pos Padang.

Ĕngke boekoe oerang tea dikirimkeun koe toean komis ka Batawi soepaja dipindahkeun atawa dirobah; sarta oerang dipaparin tanda-tangan koe toean komis pikeun menta boekoe oerang tea ka toean komis kantor pos Padang. Lamoen geus katarima, kakara babari lamoem oerang rek make doeit.

Oepama teu kitoe di Padang meunang menta, ngan lila

neundeun teu meunang koerang tina *f* 0,25, tapi hĕnteu koedoe oenggal poë, koemaha karĕp oerang bae.

Sanadjan noe dagang soto, sirop, gado-gado, boeah-boeah djeung sadjaba ti eta oge oepama balik ti pasar kawasna lamoen mĕrloekeun neundeun, gampang bae da teu djadi kasoesahan, moal mitjeunan waktoe teu poegoeh, njimpang heula ka kantor pos, neundeun batina tina dagang tea.

Komo para soedagar, patoekangan, noe tani mah, kawas pĕrloe neundeun doeit di postspaarbank teh, sabab teu sieun leungit, malah meunang rentĕn.

Oepama oerang rek njengtjelengankeun datang bae ka kantor pos njarita ka toean komis sarta njanggakeun doeitna tea.

Tangtoe toean komis mariksa ngaran, lĕmboer, pagawean djeung sakoer noe dirasa koe andjeunna pĕrloe sarta teu mangmang, soepaja di ahir oelah nĕpi ka kasalahan mikeun.

Sakoer djĕlĕma noe bisa noelis, koedoe noelis koe sorangan dina soerat noe geus disadiakeun baris njengtjelengankeun, dĕmi noe teu bisa noelis mah ngan koedoe napak djalak bae atawa nĕtĕlkeun indoeng leungeun noe meunang ngamangsian dikana-kĕrtaskeun tea. Ieu saroea bae djeung tanda tangan.

Ĕngke oerang meunang boekoe djeung bintang doedoeitan nja eta minangka tanda-tangan toean komis.

Oenggal[2] oerang njengtjelengankeun eta boekoe ditawiskeun ka toean komis.

Ari prijaji noe digadjih koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen, boh noe geus pansioen atawa wachtgeld, meunang njoeratan ka toean Directeur Postspaarbank di Batawi teu koedoe make parangko, oenina menta dipotong sabagian tina gadjihna diasoepkeun kana tjengtjelengan di postspaarbank.

Lamoen oerang geus boga tjengtjelengan di pos, toeloej neundeun sĕmĕt *f* 25 ka loehoer, tangtoe oerang meunang tjatĕtan ti toean Directeur postspaarbank, sadjoemlahna tjengtjelengan.

Oepama djoemblahna teu tjotjog, hade njoeratan bae ka

No. 11

KANTOR KADASTĚR.

Maksoedna kangdjĕng Goepĕrnĕmen (Goevernement), ngajakeun kantor Kadastĕr, nja eta pikeun ngoeroes tanah-tanah.

Ie Agrarisch-eigendom, nja eta tanah noe dipimilik koe bangsa priboemi, anoe dipoetoes sarta dibere akte (soerat piagĕm) koe kangdjĕng toean President Landraad.

Ari kakoeatanana boeat nahan panggoegatna ahli waris.

Atoeranana noe rek njieun Agrarisch eigendom, koedoe datang ka kantor Kadastĕr, oendjoekan ka Sep kadastĕr, nĕrangkeun manehna boga tanah, rek didjieun Agrarisch eigendom, sarta dibawa soerat oesoel-asalna eta tanah. Sep kadastĕr marentah ka Mantri atawa ka Eleve Mantri kadastĕr (*) ngoekoer eta tanah.

Kira-kira meunang saminggoe ti waktoe dioekoer, noe boga tanah disaoer ka kantor kadastĕr, pĕrloena koedoe majar meetbrief (soerat oekoer). Dĕmi majarna sakoemaha parentahna Sep kadastĕr, noeroetkeun reglement, kadastĕr.

Sanggeus nampa meetbrief, eta noe boga tanah, koedoe rĕkes ka toean President Landraad sarta rĕkesna teu koedoe make zegel.

Kira-kira lilana meunang 3 boelan ti harita, kangdjĕng toean Kontrolioer (Controleur) nampi sĕrat ti toean President Landraad, ladjĕng andjeunna sarĕng djoeragan Wadana, marentah ngoempoelkeun somahan-somahan di desana noe rek njieun agrarisch eigendom tea, sarta mariksakeun ka somahan-somahan naha ĕnja eta tanah teh anoena pribadi, sabab eta tanah rek didjieun agrarisch eigendom.

(*) Dina bisloeit disĕboet Eleve mantri kadastĕr = pimantrieun kadastĕr.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

toenggoena; djadi pĕrloe njarita heula bae ka toean komis lamoen pindah teh.

Ganti boekoe.

Lamoen boekoe oerang tea geus radjet djeung kotor, meunang menta diganti koe noe weuteuh, njoehoenkeun ka toean Directeur di Batawi, teu koedoe majar, tapi lamoen leungit, koedoe ngirimkeun parangko noe harga *f* 0,25 di djĕro soerat oerang tea.

Boekoe tea meunang digadekeun, tapi noe njĕkĕl gade koedoe geuwat lapor ka Batawi; bisi noe boga tea akon-akon padjar leungit, tangtoe diganti ti Batawi, djadi lamoen teu kitoe noe njĕkĕl gade tea roegi.

Tjoba lamoen sakabeh prijaji nariat neundeun doeit, ti mimiti njĕkĕl gawe nĕpi ka pansioen, lamoen naek gadjih, naek deui neundeunna, tangtoe di ahir bisa sĕnang, toer teu koedoe tjape oedjag-adjig ka kantor pos, ngan njoeratan bae ka Directeur Postspaarbank di Batawi, meureun dimana geus pansioen teh bisa ngongkosan ka poetra-poetrana, soepaja djadi djĕlĕma pintĕr.

Ie. Hoofdmantri kadastĕr.
IIe. Mantri kadastĕr klas I.
IIIe. Mantri kadastĕr klas II.
IVe. Mantri kadastĕr klas III.
Ve. Eleve mantri kadastĕr.
VIe. Leerling kadaster.
VIIe. Oepas.

Dĕmi noe diajaan kantor kadastĕr di poelo Djawa, di oenggal-oenggal karĕsidenan kadjaba ti di karĕsidenan Bantĕn, Soerakarta djeung Madoera.

Oepama taja halangan, tĕrang jen anoena pribadi; kira-kira geus meunang 6 boelan kakara noe boga eta tanah nampa aktĕna (soerat piagĕm) eta tanah.

IIe Tanah Eigendom; nja eta tanah anoe dipimilik koe bangsa priboemi atawa bangsa asing, anoe dipoetoes sarta dipaparin aktĕ koe kangdjĕng toean Goepĕrnoer-djendral (Gouverneur generaal) Hindia Nederland.

Dĕmi atoeranana noe rek njieun eigendom sapĕrti noe njoehoenkeun njieun agrarisch eigendom bae, tapi sang-geus, nampa meetbriefna, koedoe rĕkes ka kangdjĕng toean Goepĕrnoer-djendral sarta rĕkesna koedoe koe zegel.

Kira-kira geus meunang 3 boelan kangdjĕng toean Kon-trolioer (Controleur) nampi sĕrat ti kangdjĕng toean Rĕsiden, ladjĕng andjeunna sarĕng djoeragan wadana ngoempoel-keun somahan-somahan, sarta mariksana sapĕrtos noe rek ngadaměl agrarisch eigendom bae, ngan dimana geus meunang kira-kira 6 boelan, noe boga tanah disaoer ka kantor karĕsidenan, pĕrloena baris nampa bisloeitna (besluit) djeung aktĕna eta tanah, sarta koedoe majar deui sakoemaha mistina, noeroetkeun hargana eta tanah noe ditĕtĕpkeun koe kangdjĕng toean Rĕsiden.

IIIe. Tanah erfpacht, nja eta tanah noe dipimilik koe bangsa priboemi atawa asing, anoe dipoetoes sarta di paparin aktĕ koe kangdjĕng toean Goepĕrnoer-djendral Hindia Nederland, anoe make kontrak (oekoeran lilana) dina 75 taoen.

Dĕmi atoeranana noe rek njieun tanah erfpacht sapĕrti noe menta njieun eigendom bae.

IV. Recht van opstal, ieu oge atoeranana sapĕrti noe njieun erfpacht bae tapi oekoeran lilana tina 5 taoen nĕpi ka 30 taoen.

Ari pagawena di ieu kantor:

„Bangsa Eropa".

Ie. Chef kadastĕr.

IIe. Adjunct landmetĕr.

IIIe. Klerk kadastĕr.

„Bangsa priboemi".

Lamoen dititik parabotna eta mĕsin rea katjida. Ajeuna oerang pilih noe pĕrloe bae, nja eta kahidji tahang panaheuran, kadoea tahang paranti niiskeun tjai, beunang, naheur tea, katiloe aja 4 tahang panjaringan, kaopat bak paranti ngimpĕlkeun tjai, ari kalima: bus wadah es.

Mimitina ngasoepkeun tjai bĕrĕsih kana eta panaheuran, toeloej dipanasan, panasna nĕpi ka 105 graad. Ti dinja eta tjai panas asoep kana tahang paranti niiskeun deui, toeloej kana tahang panjaringan ka 1, di djĕrona eta tahang panjaringan aja batoe, arĕng, kapas, kawat djeung kĕrtas kandĕl bangsa soeoeb, gawena pikeun njaring tjai tea, soepaja bĕrĕsih djeung herang.

Barang nĕpi kana panjaringan ka 2 nja kitoe bae di dinja tjai geus tiis biasa.

Kitoe deui lamoen geus nĕpi kana panjaringan ka 4, di dinja kakara ditjitjikeun kana eta bus, anoe didjieunna tina seng.

Ari eta bak pandjangna kira² 5 M., roebakna 3.5 M. djĕrona meh 2 M. 4/5 na dieusi tjai noe ditjampoer bangsa oejah, djadi eta bus sanggeus pinoeh koe tjai bĕrĕsih, beunang njaring diaboeskeun kana tjai noe beunang njampoer koe bangsa oejah tea, ngan kade oelah limpas, sabab lamoen kaaoesoepan tjai bangsa oejah ka djĕrona, tara daekeun kimpĕl.

Eta bus² tea ditangtoengkeun di djĕro eta bak. Kitoe deui eta tjai noe beunang njampoer tea ngotjor bae ngoerilingan saidĕr bus anoe didjalankeun koe mĕsin tea, lilana tjai dikeueum dina djĕro bak nĕpi ka kimpĕl 2 poë 2 peuting, ti dinja kakara eta bak dieusian deui bus anoe sedjen. Soepaja eta es tereh kaloear tina djĕro bus, busna sabeulah ti handap, koedoe dikoetjoeran tjai biasa bae. Djadi ajeuna seng hĕnteu tiis sapĕrti tadi keur dina tjai oejah. Kitoe deui es dina toeroet sisi kaleng leeh, djadi gampang dikaloearkeunana. Ari eusina dina 1 kaleng hĕnteu koerang tina 100 pond (pon).

Ajeuna koemaha akalna sanggeus kaloear, da meureun poejar djadi tjai deui?

Eta gampang soepaja lila kimpĕlna, koedoe diboelĕn

No. 12.

IJSFABRIEK (PABRIK ES).

Sakapeung-kapeungeun sok aja hoedjan gĕde katjida, nĕpi ka kadenge dina kĕnteng trok-trak sorana kawas noe ninggang-ninggangkeun batoe lalĕmboet.

Barang koe oerang diawas-awas, horeng tjai hoedjan tea tinggaroeroentoel sagĕde-gĕde oejah atawa leuwih gĕde. Lamoen koe oerang ditjokot bĕt tiis katjida, soemawonna lamoen toeloej dihoeapkeun tiisna mani njĕtjĕp, malah loba noe teu koeat, toeloej dioetahkeun deui.

Naon atoeh sababna noe matak eta tjai nĕpi ka tingparoeroengkoel sagĕde kitoe.

Eta taja deui sababna ngan koe tina bawaning tiis, tjai teh moeroengkoel teuas, saroepa ijs (es).

Di dieu oerang njaritakeun bab gawena eta es, djeung di mana didjieunna.

Di oenggal[2] dajeuh noe geus kasĕboet rame, di dinja koedoe bae aja pabrik es, dĕmi di Bandoeng tĕmpatna eta pabrik di sawetaneun karĕsidenan. Di djĕrona aja mĕsin baris njieun es, didjalankeunana koe tjai.

Pagawena di eta pabrik nja eta: 1 kawasana di dinja; 1 mandor mĕsin noe gadjihna *f* 30; 2 boedjang noe gadjih saoerang-oerangna *f* 12 djeung 5 koeli à *f* 9 dina saboelan.

Dĕmi beubeunanganana di eta fabrik rata-ratana *f* 500 nĕpi ka *f* 600 dina saboelan; tapi dina moesim halodo mah leuwih ti sakitoe.

Ieu pabrik didjalankeun beurang-peuting, didjagana koe 5 djĕlĕma, noe baris njoeloehan hawoe djeung bisi aja parabot noe koerang hade djalanna.

Barang geus kimpĕl kakara diboelĕn koe kadoet, toeloej diidĕrkeun.

Oepama koe djĕlĕma daekan, matak djadi kaoentoengan, sabab oerang oepama njieun baris dagangan, bisa meunang kaoentoengan tina 4 kĕtip nĕpi ka 6 kĕtip atawa 7 kĕtip dina sapoëna, djadi dina saboelan bisa boga kaoentoengan rata-ratana *f* 21 atawa leuwih.

Geura ajeuna oerang tetek modalna, meuli kalapa 2 hoeloe dina oesoem mahal *f* 0.15, meuli oejah *f* 0.15, meuli goela $1\,^3/_4$ kati *f* 0.20, meuli es 20 pon *f* 0.60 djoemblah *f* 1.10.

Dina satanggoengan aja 180 loemoer leutik, dina saloemoer didjoealna sasen.

Djadi 180 loemoer pajoe 180 × 1 sen = 180 sen (*f* 1.80), malah lamoen ngadjoealna teu pati dipinoehan eta loemoer, nĕpi ka djadi *f* 2.

---

koe oeroet tai ragadji, malah di pabrikna mah tĕmpat (panoendaanana) ditembok ngarah tiis, sabab lamoen kapanasan es mah sok gampang pisan poejar.

Ajeuna sanggeusna kaloear toeloej dipotongan, motongna gampang pisan, nja eta dipotongan koe patik, sanggeusna kira² 8 ramo djĕrona, toeloej potong bae. Ti dinja toeloej diiangkeun ka tĕmpat paranti ngadjoealan eta es, disĕboetna dĕpot.

Tapi loba oge djĕlĕma² noe rek daragang eta es sok daratang koe maneh ka pabrik. Hargana eta es dina sapon 3 sen. leu es pajoe katjida nĕpi ka oenggal noe dagang sirop marake es, soemawonna dina oesoem halodo.

Sawareh bangsa Europa (Eropa) ĕnggeus biasa oenggal² ĕntas toeang, lamoen nginoem tjaina koedoe bae diesan.

Di oerang geus djadi basa eta es disĕboetna aer-batoe, geuning pokna: „Tjing meuli aer batoe".

Dĕmi gawena es lain keur inoemeun bae, ngarah ngeunah tiis, tapi nja eta:

1e. keur inoemeun,
2e. keur ngoebaran noe boga kasakit panas,
3e. keur ngeueum laoek tjai atawa daging, soepaja oelah bari, koedoe diteundeun dina es.

Kadjaba es noe didjieun di pabrik aja deui nja eta njieun es entjer, geuning sok didaragangkeun diidĕr-idĕr ka oenggal² kampoeng atawa ditagogkeun di sisi² djalan.

Ari njieunna kieu: Oerang njokot hidji wadah pamoetĕran, nja eta hidji kaleng anoe bangoenna boeleud pandjang tjara katoeng, djangkoengna kira² 4 d. M. roebakna 3.5 d. M. ti dinja njokot deui kaleng noe bangoenna kitoe, ngan rada leutik, ari djangkoengna mah saroea, toeloej eta kaleng dieusian tjipati djeung goela pasir atawa goela moete, malah sawareh mah make boekoer koe tjangkaleng; geus kitoe toeloej diasoepkeun kana kaleng pamoetĕran tea, di antarana diteundeunan es sing pinoeh, sarta toeloej, dipoeroeloekan oejah, ari geus sadia, kakara wadah tjipati djeung goela tea dipoetĕrkeun (digoëngkeun) mangke lila² es djeung oejah paloejar tĕroes ka handap, sarta tjipati djadi kimpĕl.

Topograaf-mandoer djeung koe somahan-somahan desa noe dioekoer tea.

Teekenaar-brigade gawena, ngagambar noe beunang ngoekoer opneměr-opneměr tea.

Rekenaar brigade gawena ngitoeng lěgama sawah-sawah djeung těgalan noe meunang ngagambar Teekenaar tea.

Samemehna digambar diboektikeun heula ka desa koe Sectie-Chef.

Děmi noe diajaan sapěrti ieu kantor di poelo Djawa nja eta: Di Bandoeng, Serang, Magělang, Djěmber, Kědiri djeung di Malang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

No. 13.

KANTOR LANDRENTE-SECTIE. OPNEMINGSBRIGADE.

Ieu kantor dibagi doea bagian:

Ie. Anoe ngoeroes djeung ngoekoer katoet ngagambarna sawah-sawah djeung tĕgalan ² (tanah darat), sakoer noe dipadjĕg koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen (Gouvernement).

IIe. Anoe ngoeroes djeung ngoekoer katoet ngagambarna tanah-tanah lian ti noe kasĕboet di loehoer (goenoeng ² djeung basisir).

Pagawena di ieu kantor, bangsa Eropa:

Ie. Brigade-chef.
IIe. Sectie-chef.
IIIe. Leerling sectie-chef.

Bangsa priboemi.

Ie. Topograaf klas II.
IIe. Topograaf klas III.
IIIe. Eleve topograaf.
IVe. Leerling topograaf.

Ieu pagawe bangsa priboemi noe kasĕboet di loehoer, disĕboetna Opnemer-brigade.

Ve. Teekenaar-brigade klas II.
VIe. Teekenaar-brigade klas III.
VIIe. Eleve teekenaar brigade.
VIIIe. Leerling teekenaar brigade.
IXe. Rekenaar-brigade.
Xe. Eleve rekenaar-brigade.
XIe. Landrente-mandoer (Oepas).
XIIe. Topograaf-mandoer.

Dĕmi pagaweanana opnemer-opnemer-brigade, ngoekoer ka desa-desa dibantoe koe

signaal), ĕntong kaget, tangtoe di station aja halangan. Ĕngke dimana kareta api eureun dina hidji² tĕmpat, oerang tangtoe dibedjaan koe konektoer (conducteur) disĕboetkeun sakoer pangeureunan tea.

Kitoe deui C.S. koedoe ngadjaga, soepaja noe mabok atawa gĕring pajah, sakoer noe njoesahkeun ka pasisir sedjen oelah meunang toempak kareta api, tapi lamoen aja noe ngiangkeun noe gĕring, koedoe njewa kareta misah, noe geus ngabakoe pikeun anoe gĕring.

Djalma² pasisir oelah wani oenggah kana dareksi, lamoen konektoer geus nabeuh soerilit, sabalikna lamoen kareta tatjan eureun oelah wani toeroen; lamoen aja noe ngalanggar ĕngke eta pasisir dipĕrkarakeun. Sarta lamoen aja kareta anoe datang atawa indit, oelah wani² deukeut teuing kana ĕrel, bisi kageleng.

Eta sep dibantoe deui koe sabaraha oerang klerk Walanda djeung klerk Soenda noe meunang eksamĕn klein-ambtenaar, gadjihna ti *f* 30.— nĕpi ka *f* 90.—; pagaweanana ditangtoekeun sawareh klerk narima djeung ngiangkeun bĕstel, atawa rĕmbours.

Sawareh deui klerk digawekeunana kana vrachtgoed, rembours, ijlgoed djeung lijken atawa ngirimkeun majit, ieu mah pagawean klerk² noe digawena di goedang S.S.

Aja deui klerk noe pagaweanana kana ngadjoeal kartjis, lamoen euweuh toekang kartjis.

Dĕmi ongkos-ongkosna nja koe manehna ditarimana, dina 1 K.G. bĕstel teh *f* 0.30, sanadjan koerang ti 1 K.G. *f* 0.30 bae, lamoen leuwih ti 1 K.G. nĕpi ka 3 K.G. *f* 0.40, ti 3 K.G. nĕpi ka 5 K.G. *f* 0.50.

Dĕmi ongkos rembours tina harga barang noe dikirimkeun saroepiaeun sasen, tapi meunang koerang ti f 0.25 djaba ongkos bĕstel.

Sep teh di bantoe deui koe sabaraha telegrafist noe gadjihna ti *f* 12.— nĕpi ka *f* 60.—, gawena ditangtoekeun kana kawat, mere njaho datangna, inditna kareta ka sep, atawa katjilakaan kareta-api di djalan. Djaba ti eta meunang narima soerat partikoelir, lamoen postkantoor (kantor pos) toetoep (hari besar.) Dĕmi ongkosna dina sakĕtjap

No. 14.

STATION.

Station tea roepa²: aja station klas I, klas II, djeung klas III, noeroetkeun karameanana sapopoëna; djadi ponggawana oge lobana di hidji² station moal saroea, noeroetkeun lobana pagaweanana bae; ieu noe rek ditjaritakeun station Bandoeng (station klas I).

Di ieu station noe dikawasakeun ngatoer sakabeh pagawean ponggawana nja eta: stationschef (sep); sok diparondokkeun disĕboetna: C. S. ngoeroeskeun djalanna kareta api (treindienst) dibantoe koe balad-baladna; ngoeroes administratie, ngadjaga kasalamĕtan pasisir (passagier) di djĕro wĕwĕngkon stationna. Kitoe deui lamoen aja pasisir rek ngadawakeun ponggawana, atawa noekeurkeun deui kartjis noe teu toeloes dipake lantaran katinggaleun kareta, atawa koe lantaran halangan bangĕt, nja ka stationschef tea. Eta kartjis tangtoe dibeuli deui sahargana.

Lamoen katinggaleun barang dina dareksi, lamoen barang oerang kabawa ka sedjen tĕmpat, oerang koedoe majar ongkos bĕstel, nja kitoe deui lamoen barang oerang katinggaleun di station, dipentana nja ka stationschef keneh bae, lamoen barangna kapanggih koe ponggawana.

Eta barang² sakoer noe katinggaleun, oepama dina djĕro 2 taoen euweuh noe njokot, dilelangkeun djadi milik kangdjĕng Goepĕrnĕmen.

Oepama stationschef geus marentah nabeuh lotjeng 2, hartina sakabeh anoe noempang koedoe geus aja di djĕro kareta, oepama geus teu aja halangan, kakara sep marentah nabeuh lotjeng 3, hartina eta kareta koedoe indit.

Lamoen kareta api eureun di saloeareun sinjar (afstand

„bagage", barang oerang tinggalkeun bae tapi koedoe meunang soerat saeutik (reçu).

Ongkos kartjis pikeun oerang priboemi dina 1 K.M. sasen; ari oerang sĕbrang mah tiloe peser, di klas III.

Sakabeh pasisir kahojong kangdjĕng Goepĕrnĕmen, lamoen meuli kartjis, doeitna koedoe bĕnĕr reana sahargana kartjis tea, sabab lamoen djeung moelangan ka sarerea tangtoe toekang kartjis kaboler, da waktoena ngadjoeal teh dina sakali-kalina ngan satĕngah djam.

Lamoen aja pasisir teu meuli kartjis, lantaran teu kaboeroe, ĕngke koe konektoer didĕngda dina sapangeureunan *f* 0,25, djadi lamoen aja pangeureunan teh koedoe boeroe-boeroe meuli heula kartjis.

Ieu ponggawa[2] station oepama geus toetoep boekoe koedoe sĕtor ka stationschef; ĕngke heuleut sawatara boelan sakali sep sĕtor deui; tapi dibagi doea bagian, sabagian ka Algemeene Ontvanger, sabagian deui ka komis kashouder S.S. nja eta pikeun gadjihna ponggawa[2] station tea.

Koedang S. S.

Ponggawa di ieu koedang ngadoenoenganana ka toean sep keneh. Dĕmi hidji-hidjina nja eta: Loodschef; dibantoe koe sababaraha oerang klerk.

Dibantoe deui koe klerk Soenda noe meunang eksamĕn klein-ambtenaar noe gadjihna ti *f* 25 nĕpi ka *f* 60 djeung koe hidji laadmeester oerang Soenda, noe gadjihna ti *f* 30 nĕpi ka *f* 60; kitoe deui ditoeloeng koe 3 mandor noe gadjihna ti *f* 20 nĕpi ka *f* 50.

Dĕmi noe matak diajaan koedang S.S. baris sagala barang noe roengkang—djeung dikira mahal teuing pimajareunana.

Kikiriman noe biasa noe losna djigna ka koedang S. S., aja 4 roepa, nja eta: Vrachtgoed, Rembours, IJlgoed, djeung Lijken (majit).

Vrachtgoed aja 2 roepa: hidji ngahadja oerang njewa gorobagan (teu notok).

I. Vrachtgoed noe teu ngahadja njewa gorobagan.

di djĕro 75 K. M. (koerang) *f* 0.05, lamoen leuwih mah tina 75 K. M. *f* 0.10 sakĕtjapna, tapi oepama meuntas laoetan sedjen deui ongkosna. Kitoe deui lamoen kantor pos tatjan moeka dina poë Minggoe isoek-isoek toeloej bae ka station.

Ari noe ngoeroes bagage nja eta stationsbeambte atawa klerk Soenda noe teu meunang eksamĕn klein ambtenaar, noe gadjihna ti *f* 25 nĕpi ka *f* 60; ari gadjihna stationsbeambte ti *f* 12 nĕpi ka *f* 25, beunang milih stationsbeambte noe geus ngarti kana sagala pagawean di station djeung di goedang S. S.; sabab stationsbeambte wadjib lamoen telegrafist, klerk bestel, klerk goedang, toekang kartjis, gĕring atawa verlof atawa pĕre, manehna koedoe ngawakilan.

Kitoe deui stationsbeambte noe aja di station klas III atawa di haltĕ, sagala pagawean chef didjalankeun koe manehna, noeroetkeun sakoemaha parentah sepna, bae.

Salianna ngoeroes treindienst. Kadjaba lamoen eta stationsbeambte geus meunang eksamĕn baris kana sep.

Ongkosna bagage teu beunang ditangtoekeun noeroetkeun koemaha djaoeh deukeutna bae, njokotna tina tarief K. M.

Kolot meunang pĕre 30 K. G. ari boedak 10 K.G. saoerangna; leuwih ti sakitoe koedoe majar, sapĕrti babawaan kolot 31 K.G. diitoengna 40 K.G., noe boga barang koedoe majar noe 10 K.G., da noe 30 K.G. mah pĕre; nja kitoe deui baris boedak, ngitoengna diboeleudkeun 10 — 10 K.G.

Oepama barang oerang ditimbang beuratna 20 K.G. beunang dibawa kana dareksi, tapi eta barang noe beunang diasoepkeun kana kolong bangkoe sarta teu koedoe majar.

Dĕmi pagawean toekang kartjis ngadjoeal kartjis, lamoen teu aja kartjis noe beunang njitak, koe kangdjĕng Gouvernement (Goepĕrnĕmen) disĕboetna: kartjis kosong, nja eta bisi aja ngaran pangeureunan kareta api noe teu katjitak.

Kitoe deui oepama aja djalma noe rek njaba djaoeh, sarta loba babawaanana, meunang meuli kartjis pi-isoekaneun, lamoen kartjis oerang geus diaksaraan tjitak

poekoel 9 nĕpi ka sore, ari lain hari besar mah ti poekoel 7 ditarimana, lian tina ijlgoed dina hari besar tara ditarima, sarta plakbriefna (soerat tempelan kana barang) tea oge beda roepana, ieu mah beureum, vrachtgoed bodas ; kitoe deui vrachtbriefna ditjirian dina sisina disĕtrip koe goerat beureum ; ongkosna oge leuwih mahal nja eta $1^1/_2$ kalieun vrachtgoed.

Ari kikiriman barang Goepĕrnĕmen (barang dienst) roepana vrachtbriefna hedjo.

IV. Ngirimkeun majit.

Oepama aja noe rek ngirimkeun majit, saroea bae koedoe meuli vrachtbrief ka mandor ; sarta koedoe meunang katĕrangan (verklaring) ti kangdjĕng Assisten-rĕsiden, jen eta majit beunang dibawa (dikirimkeun), noeroetkeun timbanganana doktor. Eta majit koedoe disĕboetkeun ngaranna, pagaweanana, tĕmpatna noe baris didjoegdjoeg, sarta koedoe diwadahan dina pĕti (taměla). Oepama aja sanak-barajana noe rek miloe (marĕngan) dina gorobag, meunang tapi koedoe meuli kartjis sapĕrti pasisir bae.

Dĕmi ongkosna majit leuwih mahal ti sakabeh barang ^{2} noe sok dikirimkeun, disĕboetna oge bajaran klas I.

Katĕrangan hal narima barang ^{2} kiriman ti koedang.

Noe dikirim ĕngke narima soerat panjaoer ti S. S. disĕboetkeun ngaran noe pinarimaeun barang, tĕmpatna, pagaweanana, sarta disĕboetkeun ongkos ^{2} noe koe manehna koedoe dibajar, kitoe oge moen ongefrankeerd, ari dikirim franco mah teu koedoe majar naon^2 ngan lamoen imahna, di loear kota, tambah onkos pranko *f* 0,10, sabab djolna soerat panjaoer teh ti kantor pos.

Noe dikirim koedoe nanda dina soerat panjaoer di handapeun noe ditoelis (De geadresseerde), nja kitoe boelan tanggalna (taoenna) waktoe narima eta soerat.

Oepama noe baris pinarimaeun tatjan mindĕng narima barang, soerat tea koedoe ditawiskeun heula ka loerahna atawa tjamatna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Oepama aja hidji djalma noe rek ngirimkeun barang vrachtgoed, datang bae ka koedang S. S., njarita ka mandor, oerang koedoe meuli vrachtbrief hargana 2 sen, toeloej koe oerang ditoelis, ngaranna noe dikirim, pagaweanana, tĕmpatna; sarta naon barang noe dikirimkeun, geus kitoe ngaran noe ngirim, pagawean djeung tĕmpatna.

Ari ongkosna teu beunang ditangtoekeun, noeroetkeun djaoeh deukeutna noe dikirim bae djeung noeroetkeun beuratna barang; ditambah koe ongkos koeli noe noeroen-oenggahkeun barang sarta tambah deui 10 sen atawa *f* 0,18.

Doeit noe sakĕtip nja eta ongkos brief van aankomst, lamoen vrachtbriefna ditoelis koe oerang; lamoen ditoelis koe ponggawa koedang mah noe *f* 0,18 tea tambahna.

Oepama barang noe dikirim beuratna aja 115 K.G. diitoengna djadi 150 K.G. hartina diboeleudkeun 50 — 50 K.G.; ieu atoeran disĕboetna stukgoed.

II. Vrachtgoed njewa gorobagan.

Lamoen hidji djalma rek njewa gorobag disĕboetna; Wagenlading, noe rek njewa koedoe menta aanvraag, koedoe ditoelis koe oerang atawa koe ponggawa koedang; menta sabaraha gorobag, ti mana keur kamana, sarta disĕboetkeun roepana barang noe rek dikirimkeun, rek dikirimkeun tanggal sabaraha, djeung sĕboetkeun tanggalna waktoe oerang menta gorobag tea.

Sanggeus ditanda bikeun ka mandor teu koedoe majar.

Pek meuli vrachtbriefna tjara noe ti heula, piongkoseunana oge sapĕrti noe ti heula bae (teu tangtoe).

Oepama noe dikirim beuratna 10 15 K.G. diitoengna 1100 K.G., ieu mah diboeleudkeunana 100—100 K.G.

Dina 1 gorobag moeatanana teu meunang leuwih beurat ti 10500 K.G.

Nja kitoe deui lamoen rek ngirimkeun rembours gorobagan ongkosna nja tjara bĕstel rembours tea bae.

III. Ijlgoed.

Bedana ijlgoed djeung vrachtgoed nja eta: ijlgoed leuwih gantjang katarimana; sanadjan poë Ahad atawa hari besar oge ijlgoed mah ditarima bae, waktoena ti

No. 15.

NOTARIS.

Maksoedna kangdjĕng Goepĕrnĕmen ngajakeun notaris pikeun saksi no. 1, njaksian maksoed hidji[2] djĕlĕma noe aja pangharĕpan njieun soerat kakoeatan.

a. Soerat djoeal-meuli.

no. 1. Noe koedoe ngadeuheus ka toean notaris, nja eta noe ngadjoeal djeung noe meuli; tapi lamoen hĕnteu bisa ngadeuheus lantaran doesoen, gĕring atawa teu njaho tĕmpatna, meunang oge manehna ngawasakeun ka noe mangarti, sarta njieun soerat kawasa dibawah tangan, dina zegel; kitoe oge lamoen eta noe meuli djeung noe ngadjoeal barisaeun noelis; oepama noe teu bisa noelis mah kapaksa koedoe datang bae doeanana ngadeuheus ka toean notaris.

Samemehna rek ngadeuheus ka toean notaris, noe meuli koedoe mariksa heula kana barangna noe rek dibeuli tea, netelakeun koemaha roepana, sakoemaha lĕgana, sĕboetkeun wawatĕsanana, kaler kidoelna, koelon wetanna djeung sakoer tanah noe tĕpoeng watĕs djeung noe rek dibeuli tea; kitoe deui tĕmpatna di desa mana, distrik mana, apdeling mana, katoet karĕsidenanana.

Nja kitoe deui lamoen djoeal meuli barang sedjen, koedoe bĕnĕr pisan mariksana, samemeh arindit ka toean notaris teh.

Lamoen meuli tanah, nja nanjakeun ka kapala desa noe katĕmpatan koe barangna tea; oerang teu koedoe njieun tanda tangan djoeal meuli di desa, lamoen loerah teu daekeun diadjak ka toean notaris, hade menta katĕrangan bae, nĕtĕpkeun bobogaan noe rek ngadjoeal tea, teu koedoe dina zegel (segĕl).

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Eta soerat bawa ka goedang, kakara ĕngke oerang narima barangna.

Lamoen aja hidji djalma ti Bandoeng pĕsĕn kĕnteng ka Palered, meunang dibajar di dieu (oerang menta dikirim rembours) hartina harga eta kĕnteng dipangnagihkeun koe S. S., pikeun ongkos sapĕrti noe ti heula bae.

Kitoe deui oepama oerang ngirimkeun rembours vracht-goed (ijlgoed), ĕngke oerang meunang rekĕning noe di-tawis koe toean sep, roepana koneng, disĕboetkeun: ngaran, tĕmpat, pagawean noe ngirim (oerang), katoet doeitna harga barang tea.

Sanggeus barang ditĕboes koe noe pĕsĕn, ĕngke oerang, narima soerat panjaoer ti S. S. (ti toean sep), toeloej oerang ngadeuheus, sanggakeun rekĕning tea, noe geus meunang nanda, di handapeun noe ditoelis: De afzen-der, nja kitoe deui boelan tanggalna, kakara koe oerang katarima doeitna.

Ari sĕtorna ti ieu koedang nja ka toean sep oenggal sore sanggeus toetoep boekoe.

Demi barang² noe meunang dikirimkeun nja eta sakoer noe teu dilarang koe nagara, dalah sasatoan oge beunang dikirimkeun.

Ngan lamoen oerang rek ngirimkeun kopi (djati) koedoe karana paidin kapala nagara heula sarta ongkosna oge asoep kana ongkos klas I.

Kitoe deui lamoen oerang mawa sato soekoe opat kana dareksi, ongkosna mahal, dina 1 K. M. 3 peser.

ditoelis dina zegel djeung toean notaris. Ari djeung noe dikawasakeun mah, badami dibawah tangan bae.

Dĕmi bedana soerat kawasa dibawah tangan djeung soerat notaris, soerat notaris mah lamoen geus ngawasakeun, lĕpas tangan, hĕnteu koedoe tjampoer deui masing pĕrkara kamana-mana oge. Ieu soerat kawasa aja 6 pĕrkara, noeroetkeun maksoedna noe ngawasakeun.

Soerat hoetang.

Oepama hidji djalma boga hoetang gĕde, ka noe sedjen, soepaja oerang teu hamham ditagih deui, oepama geus diloenasan, sabab maloem sok loba noe ngakal tea, poegoeh² hoetang oerang geus loenas padjarkeun tatjan, djeung loba² deui akalna noe djahat.

Koe sabab eta oerang waktoe majar teh koedoe make saksi noe sah, nja eta toean notaris, djadi oerang koedoe ngadeuheus djeung noe ngahoetangkeun ka andjeunna.

Di dinja njieun soerat tanda tangan, sakoemaha maksoedna rek ngindjeum doeit atawa noe rek majar.

Ari bedana tanda tangan djeung soerat notaris, nja eta soerat notaris mah lamoen eta djĕlĕma teu bisa majar hĕnteu koedoe didawa deui ka Landraad, tĕroes dilelangkeun bae didjoeal barangna, sakoer noe djadi borg (boroh) sabab eta soerat notaris geus asoep vonnis (hoekoeman).

Soerat mere boedak.

Ieu noe geus kadjadian babakoena oerang Tjina.

Lamoen aja noe mere boedak, soepaja pang merena sah, nja koedoe ka toean notaris, ĕngke di kantor notaris njieun tanda tangan noe oenina kieu: „Kaoela tarima dibere boedak koe Anoe, di mana ieu boedak geus gĕde teu meunang ngakoe bapa ka bapana, lamoen bapana maot, oelah meunang warisan, tapi lamoen kaoela noe dibere ieu boedak paeh, sakabeh harta banda kaoela djadi milik ieu boedak".

Soerat wasiat.

Oepama aja hidji djalma boga anak loba, soepaja di ahir oelah datang ka goedjroed djeung doeloer; sapĕrti

Oepama noe ngadjoeal djeung noe meuli tatjan wawoeh ka toean notaris, koedoe menta diwawoehkeun heula ka 2 djělěma, noe geus wawoeh djeung andjeunna, kakara ditarima njieun soeratna.

Pikeun ongkosna soerat notaris hade nanjakeun bae koe maneh atawa noe ngadjoeal, ka toean notaris, ěntong toenda talatah, oelah doesoen soemawonna sieun, ěngke oerang dibedjaan koe andjeunna, da geus aja taripna beunang kangdjěng Goepěrněmen, djaba ti dínja euweuh deui ongkosna naon.

Soerat contract (kontrak).

Oepama aja djalma noe djangdji rek njewa sawah, tanah, imah djeung salianna, lamoen hajang koeat djangdjina, koedoe ngadeuheus ka toean notaris, ěngke di dinja njieun soerat pěrdjangdjian, dina zegel; sabaraha tahoen lilana rek njewa, sabaraha sewaanana, rek majar boelanan atawa taoenan, oepama noe njewa di ahir teu noeroet kana pěrdjangdjian, noe boga wěnang maksa njokot barangna.

Sapěrti sok kadjadian di oerang Soenda noe sok njewakeun imahna, sanadjan noe njewa teu mere sewaan sabaraha boelan oge, ngan kantoen amběk bae; rek dioesir teu wani, ari ditagih ngan djangdji[2] bae; tjoba lamoen make soerat notaris, noe njewa moal wanieun ngaheureujkeun ka noe boga barang, sabab soerat notaris aja atoeran noe noeroetkeun atoeran Walanda. Kitoe deui oepama noe njewa tatjan djědjěg lilana njewa sakoemaha noe kasěboet dina soerat kontrak, geus eureun njewana, disěboetna pětjah kontrak. Ieu oge koedoe ngadeuheus deui ka toean notaris, nja eta pikeun ngaleungitkeun djangdji noe bareto tea.

Soerat kawasa.

Lamoen oerang rek ngawasakeun ka hidji djalma, koedoe datang ngadeuheus ka toean notaris, ěngke di pajoeneun andjeunna, oerang pek badami atawa njieun pěrdjangdjian

koedoe ditoeroet; ieu noe ditjaritakeun lamoen pĕrkara doeit (hoetang).

Pikeun langgaran noe ka toekang noe matak djadi pĕrkara tea, nja koedoe diberesan sakoemaha mistina, tangtoe koedoe ngeunah ka doeanana soepaja loeloes.

Soerat kawasa besar.

Noe disĕboet soerat kawasa besar nja eta:

Oepama oerang boga tanah, toeloej ngawasakeun pikeun ngroeroesna eta tanah, nja kitoe deui modelna pĕpĕlakanana, ka hidji djalma pikeun hasilna, eta tangtoe oerang dibagianan djeung dibedjaan reana beubeunanganana koe kawasa oerang tea.

Ieu oelah lalawora, sabab aja kadjadian noe boga tanah djadi miskin, si kawasa djadi toean tanah. Sabab si kawasa oerang lamoen njieun soerat kawasa besar ka notaris, wĕnang sakarĕp-karĕpna sorangan, hartina rek digadekeun atawa didjoeal sama sakali tanahna lantaran roegi, oerang moal bisa naon[2]. Koe sabab eta oelah wani[2] moen lain ka doeloer (ka anak mah) njieun kawasa bĕsar teh, kitoe oge lamoen soeka banda oerang beak koe doeloer (koe anak), sabab didjaga teh roegina, ari salawasna oentoeng mah teu naon[2].

Pikeun ongkosna tanjakeun koe maneh, sabab noe djadi notaris teh lain djĕlĕma handap[2] pangartina, estoe djĕlĕma noe pintĕr pisan. Koe sabab eta tangtoe gĕde timbanganana, ngan saratna oelah toenda talatah, koedoe wani sorangan ngadeuheus, ĕntong sieun[2], kapan eta teh kapĕrtjajaan kangdjĕng Goepĕrnĕmen didjieun saksi noe pangkoeatna.

Djaba ti noe geus ditjaritakeun di loehoer, loba deui pĕrkara noe sedjen noe djalan ka notaris. Tjindĕkna: Notaris koedoe nganteur atawa ngarti kana maksoedna sakabeh djalma noe ngadeuheus ka andjeunna, tapi sakoer noe maksoed kana kahadean, ari kana kadjahatan noe matak njilakakeun batoer mah tangtoe nolak.

Notaris tea hĕnteu digadjih koe kangdjĕng Goepĕrnĕmen sabab loba pisan kaoentoenganana.

noe sok kadjadian di bangsa oerang, nĕpi ka silih paehan, lantaran marĕboetkeun waris, atawa dawa ka Kaoem; eta akalna nja koedoe ngadeuheus bapana ka toean notaris; toeloej bagikeun, sakoemaha bagian saoerang-oerangna; atoeh lamoen sawah sabaraha baoe sewang, sĕboetkeun tĕmpatna, lĕgana katoet wawatĕsanana, atoeh lamoen aja doeit atoeh sabaraha roepia sewang sadjaba ti eta.

Ditoelisna koedoe dina kĕrtas zegel bagian saoerang-oerangna teh; sarta koedoe djangdji kieu: Lamoen kaoela geus maot, noe pingabagikeuneun waris kapĕr-tjajaan kaoela toer doeloer, ngaran Mas Anoe, kaboepaten Anoe.

Manehna bakal meunang boeroeh sakitoe pĕrsen; ieu koemaha timbangan noe ngawasakeun bae.

Ieu oge ongkosna teu beunang ditangtoekeun, lamoen pandjang atawa loba pĕrkara toelisna; ongkosna leuwih gĕde manan noe parondok pĕrkara toelisna, djadi koe-maha timbangan toean notaris bae.

Soerat hibat.

Nja kitoe deui lamoen oerang rek ngahibatkeun, sa-wah, tanah atawa naon[2] bae, keur waktoe djagdjag (tjageur), ka doeloer atawa ka noe sedjen, lamoen hajang sah nja koedoe ka notaris, sanadjan di achir ĕngke ahli waris ngadawa (ngagoegat) moal bisaeun, tangtoe pĕr-karana dielehkeun bae da soerat notaris mah kapan saibarat vonnis.

Soerat badami.

Oepama aja hidji djalma rek ngadawa noe sedjen, noe rek didawa toeloej njarita ka noe rek ngadawa: „Ajeuna sampean ĕntong toeloes ngadawa teh, hajoe ajeuna oerang ngadareuheus ka toean notaris, ĕngke di ditoe oerang beberes". Toeloej di toean notaris badami (njieun soerat akoer), sarta pĕrdjangdjian[2] noe rek ngadawa oendjoekkeun. Koe noe rek didawa sakoer pĕrdjangdjian[2] noe moepakat

, babakoena
ten-Rĕsiden.
e noe njĕkĕl
di Bandoeng

ng, hargana
oepia koedoe

notaris, meu-
3 boelan.
langkeun ba-
atawa ka noe
doeng: toean
ean De Vries

dimana geus
g tea, nja eta
diajaan com-
e boga barang,
teh sanggeus
mana, da doeit
njĕkĕl lelang,
bae.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bab lelang.

Oepama di hidji tĕmpat euweuh notaris, babakoena noe djadi notaris teh kangdjĕng toean Asisten-Rĕsiden.

Moenggoeh kapangkatan notaris aja oge noe njĕkĕl ngarangkĕp djeung pĕrkara lelang, sapĕrti di Bandoeng disĕboetna: Notaris vendumeester.

Lamoen oerang meuli barang tina lelang, hargana barang² tea dileuwihan 6%; sapĕrti harga saroepia koedoe dibajar *f* 1,06.

Oepama noe meuli wawoeh djeung toean notaris, meunang ngandjoek tina lelang, tempona dina 3 boelan.

Kitoe deui lamoen aja djalma rek ngalelangkeun barangna, njaritana koedoe ka commisionair atawa ka noe biasa sok njĕkĕl lelang, sapĕrti di Bandoeng: toean Dieckhaus, toean Jensen, njonja Wijs, toean De Vries djeung toean Franzen.

Barang² oerang tea tĕroes dilelangkeun, dimana geus pajoe dipotong 10% koe noe njĕkĕl lelang tea, nja eta baris kaoentoenganana. Tina pĕrkara lelang diajaan commissionair eta ngangeunahkeun pisan ka noe boga barang, goenana nja eta: eta doeit ladang barang teh sanggeus lelang oge mana noe pajoe gantjang katarimana, da doeit lelang mah hĕnteu katarima harita koe noe njĕkĕl lelang, djadi ka noe boga barang mah ditalangan bae.

MULYANTO
13/9/96

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

MULYANTO
13/9/96

